O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI XALIQ TA`LIM WA`ZIRLIGI

A`JINIYAZ ATINDAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

PEDAGOGIKA FAKULTETI

PEDAGOGIKA HA’M PSIXOLOGIYA KAFEDRASI

# QA’NIGELIK PITKERIW JUMISI

Tema: “Shaxstin’ qa’liplesiwinde qarim-qatnas protsessinin’ psixologiyaliq o’zgeshelikleri”

(erte jasliq da’wiri misalinda)

Orınlawshı: “Pedagogika ha`m psixologiya”

ta'lim bag’darının’ 4-j qq kurs talabası:

**Djalalov Da’wletbay Niyetbaevich**

**Qorg`awg`a ruhsat**

**Pedagogika fakulteti dekanı**

**_______________________Z.Klıcheva**

**2015jıl «______» iyun**

**«Pedagogika ha`m psixologiya»**

**kafedrası baslıg`ı, dots**

**__________________Sh.Saparov**

**İlimiy rahbar, ps.i.k. dots**

**__________________Z.Klıcheva**

**No’kis – 2015 jil**

## J O B A :

**Kirisiw** ………………………………………………………………………..3

a) Temanin` a`hmiyeti, aktuallig`i.

b) Temanin` maqseti ha`m waziypalari.

I.BAP. SHAXSTIN’ QA’LIPLESIWINDE QARIM-QATNAS PROTSESSININ` PSIXOLOGIYA A`DEBIYATLARINDA U`YRENILIWI…………………………………………………………………6

1.1. Psixologiyada qarim-qatnas tu`sinigi……………………………………6

1.2. Erte jasliq da`wiri shaxsinin` psixologiyaliq o`zgeshelikleri…………...14

1.3. Shaxstin` qa`liplesiwinde qarim-qatnas protsessinin’ psixologiyaliq o`zgeshelikleri………………………………………………………………23

II. BAP. SHAXSTIN’ QA’LIPLESIWINDE QARIM-QATNAS PROTSESSININ’ PSIXOLOGIYALIQ O’ZGESHELIKLERIN EKSPERIMENTAL U`YRENIW……………………………………………...31

2.1. Kettel testi (metodikasi) ……………………………………………..,31

2.2. Siz o`zin`izge qanday qarim-qatnasta bolasiz (metodikasi)…………….45

2.3. Shaxstin` jeke o`zgesheliklerin u`yreniw anketasi……………………...49

**JUWMAQLAW**……………………………………………………….....54

**PAYDALANILG`AN A`DEBIYATLAR**………………………………56

# K I R I S I W

**Temanin` aktuallig'i:** Ha'r ta'repleme rawajlang'an, jan'a ha'm erkin demokratiyaliq ja'miyetti du'ziwshi pu'tkil intasi menen qatnasa alatug'in sap deneli, ruwhiy du'nyasi bay, emotsionalliq jag'inan ziyrek, sotsialliq jag'inan belsendi shaxsti qa'liplestiriw O'zbekistanda Bilimlendiriw haqqindag'i Nizam ha'm Kadrlar tayarlawdin' milliy bag'darlamasi a'melge asiriwdin' og'ada a'hmiyetli ma'selelerinin' biri bolip esaplanadi.

Bizdegi ha'r bir insan o'zinin' barliq o'miri dawaminda o'z ku'shin almastan balalarinin' bilimli, baxitli, adamgershilikli, ta'miyinlengen boliwin ko'riw ushin miynet etedi, gu'resedi.

I.A.Karimov o'z so'zinde o'sip kiyatirg'an das a'wladqa g'amxorliq, den sawliqli, ha'r ta'repleme rawajlang'an insan etip ta'rbiyalawg'a umtiliwimiz – bul bizin' milliy xarakterimizge ta'n na'rse dep ko'rsetedi.

Balani bir na'rsege u'yretiw g'ana emes, onda o'z ku'shine isenimin arttiriw, o'z ideyasin qorg'aw, erkin tu'rde bir qararg'a keliwi ko'nikpelerin qa'liplestiriw ha'm za'ru'r.

Balalardin' rawajlaniwinda olardin' jeke insanliq sipatlarinin' qa'liplesiwine qarim-qatnas protsessi u'lken a'hmiyetke iye.

Bul aytilip o'tilgen pikirler jas a'wladti ta'rbiyalawda ayriqsha diqqat awdariwdi talap etedi.

Shaxstin' qa'liplesiwine birinshiden ta'lim-ta'rbiya protsessinin' duris sho'lkemlestiriwi kiredi. ekinshiden, jeke individual psixologiyaliq o'zgesheliklerinin' qa'liplesip bariwi. U'shinshiden, shaxslardin' psixikaliq protsesslerinin' rawajlaniwina baylanisli.

Demek, qanday da'rejede ta'lim-ta'rbiya protsessi duris sho'lkemlestirilse, adam-individual psixologiyaliq o'zgeshelikleri, biliw protsessleri bekkem rawajlandirilsa, sol da'rejede qa'liplesip baradi ha'm du'nyag'a degen ko'z-qarasi bay, erkin pikirley alatug'in ha'r ta'repleme jetilisken shaxs bolip qa'liplesedi.

Psixologiyada – usi **aktual** problemalardin’ biri erte jasliq da’wiri shaxsinin’ qa’liplesiwinde qarim-qatnas protsessinin’ psixologiyaliq o’zgeshelikleri tiykarg’i orni bolip esaplanadi.

**Izertlew maqseti:**

– erte jasliq da’wiri shaxsinin’ qa’liplesiwinde qarim-qatnas protsessinin’ psixologiyaliq o’zgesheliklerin aniqlaw.

**Izertlewdin’ waziypalari:**

- temag`a tiyisli pedagogikaliq ha`m psixologiyaliq a`debiyatlar menen tanisiw;
- izertlew metodlarin tan`law ha`m eksperimental modeldi jaratiw;
- Shaxstin’ qa’liplesiwinde qarim-qatnas protsessinin’ psixologiyaliq o’zgesheliklerin u’yreniw;
- izertlew jumisinin` na`tiyjelerin analizlew.
- pedagogikaliq ha`m psixologiyaliq juwmaq ha`m usinislar islep shig`iw.

**Izertlew metodlari:**

– Baqlaw;

– Sa`wbet;

– Kettel testi metodikasi

– O’zin’izge qanday qarim-qatnasta bolasiz metodikasi

– Shaxstin’ jeke o’zgesheliklerin u’yreniw anketasi.

**Izertlew obiekti** – erte jasliq da’wiri.

**Izertlew predmeti -** Shaxstin’ qa’liplesiwinde qarim-qatnas protsessinin’ psixologiyaliq o’zgesheliklerin u`yreniw.

**Izertlew jumisinin` gipotezasi**: Shaxslar arasinda bir-birewdi jaqsi tin`law, tu`siniw ha`m qabil etiw arqali qarim-qatnasqa kirisiw na`tiyjesinde shaxslar arasindag`i qarim-qatnas duris jolg`a qoyiliwi mu`mkin.

***Izertlew jumısının` metodologiyalıq tiykarın psixologiyanın’*** tiykarg’ı printsiplerinen biri bolg`an sana ha`m xizmet birligi printsipi, sonın’ menen birge izertlewdin` metodologiyalıq ha`m teoriyalıq tiykarın shaxstın’ qa’liplesiwi, qarim-qatnas protsessinin` psixologiyaliq o`zgeshelikleri haqqinda psixologiya iliminde

ko`plegen psixolog alımlar izertlegen. Ta`lim-tarbiyag`a bag'darlangan ilimiy izertlewlerdin` metodologiyalıq negizin L.S.Vıgotskiy, A.N.Leontev, L.I.Bojovich, V.A.Petrovskiy, I.V.Dubrovinalardın' pikirleri tastıyıqlaydı. O`z ara qarım – qatnas protsessinde oqıwshının' jeke minez-qulqın qa`liplestiriwde tiykarınan balanın' psixikalıq rawajlanıwı, ishki keshirmeleri, ulıwma ha`r bir jas da'wiri ayrıqsha u`yreniliwi sha`rt.

Sonın' menen birge bizler O`zbekistan Respublikası Prezidenti I.A.Karimovtın` keleshektegi o`sip kiyatırg'an a'wladtın` garmoniyalıq rawajlanıwın qa`liplestiriw haqqındag'ı pikirin, sonday-aq O`zbekistan Respublikasının` «Ta'lim haqqında», «Kadrlar tayarlawdın' milliy bag'darlaması» haqqındag'ı nızamlardı basshılıqqa aldıq.

**Izertlew jumisinin` a`meliy a`hmiyeti:** Izertlew na`tiyjelerinen aling`an mag`liwmatlardi ta`lim mekemelerinin` a`meliyatinda qollaw, ta`lim protsesinde talabalardin` ta`lim orinlarina, ja`miyetke beyimlesiwine, ja`miyetlesiwine ja`rdemlesiwine ken` imkan beredi.

**Izertlew jumisinin` teoriyaliq a`hmiyeti:** U'yrenilgen a`debiyatlar ha`m o'tkerilgen izertlew na`tiyjelerinen aling`an teoriyaliq mag`liwmatlar, psixologiya pa`ni tarawlarinan jas ayirmashiliq ha`m pedagogikaliq psixologiya, sotsial psixologiya, qulqi buzilg`anliq psixologiyasi pa`nlerin teoriyaliq derekler menen bayitiwg`a xizmet etedi.

**Jumis du'zilisi** 2 bo`lim quraydi: kirisiw, ilimiy teoriyaliq, a`meliy metodikaliq, juwmaqlaw. Jumistin` son`inda paydalang`an a`debiyatlar dizimi berilgen. Jumistin` uliwma ko`lemi 57 bet.

# I.BAP. SHAXSTIN’ QA’LIPLESIWINDE QARIM-QATNAS PROTSESSININ` PSIXOLOGIYA A`DEBIYATLARINDA U`YRENILIWI

## 1.1. PSIXOLOGIYADA QARIM - QATNAS TU’SINIGI

Qatnas adamshiliq ja’miyeti payda bolip ol usi da’wirden baslap – aq adamlardin’ bir-birin tu’siniwi, bo’lisiwi o’z-ara baylanisip bir-birine ta’sir etiwi, birlesip ja’ma’a’t tu’rinde jasaw mu’mkinshilik beretug’in en’ ku’shli, qolayli qural esaplanip kelgen.

Sonliqtan da xalqimizdag’i «Mal mo’n’ireskenshe, adam tilleskenshe» – degen naqildin’ o’zi de qatnas ornatiwdin’ bir u’trinin’ o’zi menen-aq an’latip turipti. «Qatnas» atamasi adamlardin’ bir-biri menen tikkeley baylanis qatnasip ornatiwi, bir-birine qarata til arqali, ko’z-qaras arqali, ha’tte im arqali, bet a’lpetindegi, o’zin tuwiwindag’i ko’rinisleri arqali ta’sir etiwi, bir-birin tu’siniwge bolg’an ha’reketlerin ja’mlestirip turadi. Bul tu’sinik a’wel bastan-aq adamlar arasindag’i baylanistin’ o’lshemi, normasi sipatinda payda bolip, olar ha’r tu’rli o’zgeshelikte uliwma insan ma’deniyatinin’, ma’deniyatlig’in yamasa ma’deniyat da’rejesin to’men ekenligin ko’rsetip turiwshi qa’diriyat, insaniy o’zgeshelik tu’rinde qa’liplesip kelgen, ol arqali adamlar bir-birin bilisken, ta’rbiyalag’an, bir-birinen adam qatnaslari ha’r qiyli, ra’n’ba’ren bolip keledi, usilardin’ ishinde qatnastin’ o’z aldina o’zgeshe bir tu’ri pedagogikaliq qatnas bolip esaplanadi.

Biz bul jerde pedagogikaliq qatnasti o’z aldina atap atirg’animizdan da o’z man’izi bar. Sebebi insan qatnasinin’ ishinde en’ qiyin en’ qaramasi, en’ mu’shkili pedagogikaliq qatnas bolip esaplanadi. Bunday qatnasqa tu’siw, oni a’melge asiriw ha’r kimnin’ de qolinan kele bermeydi.

Bala tuwilg’an payttan-aq adamg’a mu’ta’jlikti sezedi. 3-4 ayliq jas na’reste ko’zge ko’rinbeytug’in obiektiv sebeplerge baylanisli qin’irli ete baslaydi. Ha’m oni jubata baslaydi, yag’niy onin’ menen «baylanis» bolg’annan son’ na’reste tinishlanadi.

Psixologlar ta'repinen aniqlag'anday, a'ne usi jasta u'lken adamlar menen o'z-ara baylanis boliw balanin' psixologiyaliq jaqtan rawajlaniwi, onin' keleshekte adam bolip qa'liplesiwinin' a'hmiyetli sha'rtlerinin' biri bolip tabiladi.

Adamnin' qanday boliwina qaramastan basqa adamlar menen baylanista boliwi onin' ushin a'hmiyetli turmisliq za'ru'rlik bolip tabiladi.

Qarim-qatnas arqali adam qorshap turg'an a'lem haqqinda bilim aladi, baylanis ja'rdeminde ta'jiriybe miynet ha'm turmis mamanlig'in adamzat ta'repinen tariyxiy rawajlaniwdin' barisinda islep shig'ilg'an ma'deniy, a'dep-ikramliliq ha'm sotsialliq bayliqlardi o'zgertiwge boladi.

Baylanis – ku'ta' ken' ha'm ko'p jobali tu'sinik. Bizler kitap oqig'animizda baylanis boladi, sonin' menen birge misal jaziwshinin' kitap oqiwshi menen o'z-ara baylanisli payda boladi. Spektakl ko'remiz. Lektsiya oqiymiz, telefon arqali so'ylesemiz, doslarimiz benen gu'rrin'lesemiz, bulardin' barlig'i o'z-ara baylanis bolip tabiladi. Adam jasaydi, jumis isleydi, sonin' menen birge o'zin qorshap turg'an du'nyani toliq tu'sinip g'ana qoymaydi, og'an bolg'an belgili ko'z-qarasti basinan keshiredi. Bir waqit oni ta'sirlendiredi, basqasina ol biyparwa qaraydi. Ayirim adamlardi ol jaqsi ko'redi. Al basqa birewdi jaman ko'redi.

Adamnin' qatnasindag'i – bul ayriqsha emotsiali jag'day bolip tabiladi. Qatnasiq ha'm baylanis o'z-ara baylanisli, ayirilmaytug'in qubilis. Normal adamda baylanis qatnassiz bolmaydi.

Emotsional jag'day qatnasiq ko'p pe yamasa az ba, adamnin' minez-qulqinda, onin' is-ha'reketinde aniq payda boladi. Baylanistin' barliq tu'rlerinin' ishinde jeke adamlar arasindag'i qatnasiqtin', yag'niy adamnin' adam menen tikkeley baylanis protsessinin' u'lken qizig'iwshiliqti payda etiw ta'biyi na'rse.

Jeke adamlar arasindag'i qatnasiq – bul real turmista pikir ju'rgiziwshi ha'm seziwshi adamlar arasinda payda bolatug'in qatnasiqtin' o'zi bolip tabiladi.

Jeke adamlar arasindag'i qatnasiq baylanistin' mazmuni onin' o'zinshe bir na'tiyjesi bolip esaplanadi. Jeke adamnin' qa'liplesiwi, atap aytqanda baylanis protsesinde boladi` adam is-ha'reket ha'm qatnasiqti bahalawdi u'yrenedi, moral normallarin o'zlestiredi, bul normallardi praktikada sinap ko'redi ha'm qollaniladi,

sonin’ menen birge o’zi jasap atirg’an ha’m ha’reket etip atirg’an minez-qulqinin’ moralliq printsiplerin islep shig’adi.

Jeke adamnin’ juwapkershiligi, miyneti, kishipeyillik haq niyetlilik, jaqsiliq siyaqli a’hmiyetli sipatlar tek payda bolip qalmaydi, ol baylanista qa’liplesedi. Baylanistin’ basqa a’hmiyetli roli sonnan ibarat, ol adamda biliwge bolg’an ha’r qiyli qizig’iwshiliqlardin’ qa’liplesiwine ja’rdem beredi. O’z betinshe bilim aliwg’a yamasa kerisinshe oni toqtatip qoyiwg’a tu’rtki beriwi mu’mkin. Bul na’rse jas o’spirimler gruppasinda toparinda ayqin ko’rinedi. Baylanisqa talaptin’ qanaatlanbawshilig’i ha’r qanday jastag’i adamda unamsiz emotsionalliq keshirmeni, ha’tte hesh na’rse qa’wip tuwdirmaytug’inday bolip ko’ringen payitta sa’tsizlikti ku’tiwdi payda etedi.

Biz insan basqa adamlar menen baylanis jasaw mu’mkinshiliginen ayirilg’andag’i jalg’izliqtin’ qanshelli awir bolatug’inin aytip o’tken edik. Baylanis jasaw mu’mkinshiligi bolsa biraq qanday da bir sebepler na’tiyjesinde ol a’melge aspag’anda g`ana jalg’izliq da awir keshedi.

Adamlardin’ qatnasiq ma’deniyati olarda qatnasiq ta’jiriybesinin’ ko’nlikpesinin’ ayirim o’zine ta’n o’zgesheliklerinin’ qanshelli qa’lipleskenligi menen tig’iz baylanisli boladi.

Basqa adamlarg’a jaqinlaspay qatnasiq jasay biliw – qatnasiq ma’deniyatinin’ a’hmiyetli sezimlerin a’detlerin o’zi maqul ko’rgen na’rselerin beriwge zorlap tan’bawdi na’zerde tutadi. Qatnasiq ma’deniyati ushin belgili ja’miyet ta’repinen qabil etilgen sezimlerdi bildiriwdin’ belgili ha’m tiyisli usillari minnetdarshiliq, unatiwshiliq kewil bildiriwshilik ha’m basqalar da a’hmiyetke iye.

Adamlardag’i adamnin’ bilayinsha ta’rbiyalang’anlig’ina qarag’anda teren’irek sanalatug’in a’lpayimliliq siyaqli sipatlar qatnasiq ma’deniyatinda u’lken a’hmiyetke iye.

Adam jasag’an, miynet etken, basqa adamlar menen baylanista bolg’an barliq jerde ku’ta’ ha’r qiyli ku’tilmegen, a’hmiyetsiz baylanislardan baslap uzaqqa sozilg’an turaqli baylanislarg’a deyin, taza ra’smiylikten baslap dosliq, qatnasiqlar payda boliw mu’mkin. Jeke qatnasiq bir-birine jaqinliqtin’ teren’ligi ha’m

haqiyqiylig'i da'rejesine qarap ha'r qiyli boliwi mu'mkin. Bul tanislardin', doslardin', joldaslardin' o'z-ara qatnasiqlari bolip esaplanadi.

Adamlar arasindag'i qatnasiqlar, (Adam adamg'a dos, joldas ha'm tuwisqan) printsipi tiykarinda du'zilgen tiykarg'i na'rse sonnan ibarat, adamlardin' qatnasig'i, o'z-ara baylanislari aktiv boliwi tiyis. Tek sizde turmisqa tamashago'ylerdey ko'z-qarasta boliwi emes, al real jumista ko'riniw kerek.

Adamlar arasindag'i normal baylanislar ornatiw ushin qatnasiq ma'deniyati u'lken a'hmiyetke iye. Ol xarakterdin' adamlarg'a hu'rmetlewshilik, kishi peyillik, shidamliliq siyaqli belgilerinen tisqari tag'i da a'deplilik sipayiliq siyaqli ayiriqsha belgilerdi rawajlandiriwinda na'zerde tutadi.

Adamlardin' qatnasiq ma'deniyati olarg'a qatnasiw ta'jiriybesin ko'nlikpesinin' ayirim o'zine ta'n o'zgesheliklerinin' qa'nshelli qa'lipleskenligi menen tig'iz baylanisli boladi. Basqa adamlarg'a jaqinlaspay qatnasiq jasay biliw qatnasiq ma'deniyatinin' a'hmiyetli ta'repi. Adamlarg'a a'sirese tanis emes adamlarg'a biz qanday qatnasiqta bolsa sotsialliq stereotip u'lken ta'sir jasaydi. Qatnasiq ma'deniyati adamnin' o'z sezimlerin a'detlerin o'zi maqul ko'rgen na'rselerin birewge zorlap tan'bawdi na'zerde tutadi.

Insannin' o'zin qorshap turg'an du'nya menen o'z-ara birgeliktegi ha'reketi adamlar ortasindag'i olardin' sotsialliq o'miri ha'm en' aldi burin islep shig'ariw xizmetinde a'melge asatug'in obiektiv qarim-qatnas sistemasi ju'zege keledi.

Obiektiv qarim-qatnaslar ha'm de baylanislar (boysiniw, birgelikte islew, o'z-ara ja'rdem qarim-qatnas ha'm tag'i basqa) ha'r qanday real gruppani nizamli tu'rde ju'zege keledi. Gruppa ag'zalari arasindag'i bul o'z-ara obiektiv qatnasti jeke adamnin' subiektiv qarim-qatnaslardin' sotsial psixologiya shug'illanadi. Gruppalar ishindegi jeke adamlardin' birgeliktegi ha'reketi ha'm o'z-ara qarim-qatnaslarin ko'rip shig'iwdin' tiykarg'i joli –tu'rli tu'stegi sotsial faktlerdi, sonday-aq usi gruppa ishine kiretug'in adamlardin' o'z-ara birgelikte ha'reketlerin teren'irek u'yreniwden ibarat ha'r qanday islep shig'ariw adamlardin' beriliwin ko'rsetedi.

Qatnas – adamlar ortasinda birgeliktegi is-ha’reketlerden kelip shig’atug’in baylanislar rawajlaniwinin’ ko’p tu’ri bolip esaplanadi. Qarim-qatnas birgelikte xizmet ko’rsetiwshiler ortasinda xabar almasiwdi o’z ishine aladi. Bunday xabar almasiw qatnastin’ kommunikativtin’ ta’repi sipatinda ta’riplenedi.

Adamlar qarim-qatnasqa kirer eken, qatnastin’ en’ tiykarg’i tu’rinin’ biri tilden paydalanadi.

Qatnastin’ ja’ne ekinshi ta’repi – qarim-qatnasqa kiriwshilerdin’ o’z-ara birgeliktegi ha’reketi – so’zden paydalaniwi ja’ne de tek so’zde emes, al ha’reketlerden` xabar almasiwdan ibarat.

Qarim-qatnasqa kiriwshiler ortasinda eki tamanlama baylanis boliwi ko’rsetilgen. Bug’an erisiw ha’m onin’ kewildegidey rawajlandiriw sha’rti qarim-qatnasqa kiriwshini o’z-ara bir-birine hu’rmeti ha’m iseniminen ibarat. Pedagog oqiw-ta’rbiya isinde oqiwshilar menen baylanis jasag’anda olardan izzet-hu’rmetti ku’tedi. Biraq qarim-qatnasta adamnin’ baylanislari eki tamanlama xarakterge iye ekenligin o’z na’wbetinde oqitiwshidan ha’m oqiwshilarg’a da hu’rmet ha’m isenim bildiriwdi talap qiladi. Bul jerde tag’i bir na’rseni aytip ketiw kerek, o’zin-o’zi hu’rmet qiliw o’z qa’dirin bilmegen, o’zge qa’dirin ne bilsin.

Qarim-qatnasqa kiriwshilerdin’ o’z-ara jaqinlig’i menen bir-biri menen qarim-qatnasin qanaatlandiriw da’rejesi, juwap retinde ishki sezimler, o’z-ara shamalaw menen belgilenetug’in o’z-ara qarim-qatnaslar o’z-ara birgeliktegi ha’rekettin’ individual-tan’law sistemasindag’i dosliq adamlar qarim-qatnasi bolip tabiladi. Qatnas adamlardin’ bir-birlerin tu’siniw. Qatnastin’ o’z-ara birgeliktegi ha’reketi ha’m kommunikativ onin’ pertseptiv tamani. Qarim-qatnasqa kiriwshilerdin’ onin’ protsesste a’melge asirilg’an o’z-ara qabil etiwi ju’zege shig’adi.

Adamnin’ basqa tiri jannan en’ basli ayirmashilig’i onin’ tilge iye ekenliginde, so’yley alatug’ininda, o’z oy-pikirin til arqali belgili bir jiynaqli oy juwmag’ina, eles ha’m tu’siniklerge iye boliwinda, bir-birine oyin bildire aliwi, basqanin’ oy-pikirin qa’biletin tu’siniwde, baylanis jasay aliwinda boladi. Adamdag’i bul o’zgesheliklerge iye boliwi, so’yley aliwi adamlardin’ birge

ja’ma’a’t bolip jasawi, miynet etiwi ha’m bul ha’reketlerdi a’melge asiriwda bir-birin tu’siniwi, baylanis jasawi, ta’sirleniwi ha’m bir-birine ta’sir jasawi kerekliginen, za’ru’rligi-mu’ta’jliginen kelip shiqqan.

Demek, til, so’ylesiw o’mir talabi, jasaw – turmis za’ru’rligi bolip esaplanadi. Sonliqtan da sotsial-tariyxiy ta’biyatqa iye. Adamlar so’ylesiw arqali oylay baslaydi, ha’r bir oy-pikirin miyde so’z til arqali (ishki so’ylew) payda boladi, usi oy-pikirlerin basqalar menen ortaqlasadi, pikir alisadi, bilimge iye boladi, bilimlerin basqalarg’a bildiredi, o’z ishki tolg’aniwlarin, sezimlerin bildiredi, sirtqa shig’aradi, o’z ishki keshirmelerin bildiredi, sirtqa shig’aradi. Basqalardin’ ishki du’nyasin an’laydi, olardin’ qayg’i-shinliqlarin tu’sinip ortaqlasa aladi, o’z tilek niyetlerinde jetkere aladi.

Usinin’ menen birge sirtqi qorshawdi ondag’i zatlar ha’m ha’diyse qubilislardi, olardag’i baylanis, o’z-ara ta’sir ha’m aqibetleri, nizamliqlari haqqindag’i bilimlerin til ja’rdeminde o’zlestiredi, bilip paydalanip otiradi.

Mine usi joqarida berilgen sipatlamanin’ o’zinen-aq so’ylewdin’ insan o’mirindegi turmisindag’i tutqan ornin, atqaratug’in xizmetin tu’siniwge boladi. ekinshi jag’inan ol u’lken ja’miyetlik a’hmiyetke de iye. Sebebi, ha’r bir ja’miyette de adamlardin’ ja’miyetke birigip, og’an xizmet etiwi, ja’miyetlik qubilislardi, talap, o’zgerislerdi an’lap ha’reket etiwi, adamlardin’ ja’miyetlik sana sezimi, ja’miyettegi materialliq bayliq, ekonomikaliq bayliqtin’, rawajlaniwdin’, ilim texnika ma’deniyat, iskusstvosin ja’miyetke xizmet etiwi, ja’miyettin’ bekkemleniwi, siyasattin’ durislig’i ha’m duris alip bariliwi da adamlardin’ so’ylese aliwi, baylanis jasawi arqali a’melge asadi.

Demek, ol sotsialliq, ja’miyetlik orindi da iyeleydi. So’ylewdin’, tillesiwdin’ a’hmiyetin ku’shin ko’rsetiwshi xaliq danalig’inda da ko’plegen durdana pikirlerdi ko’riwge boladi. Xaliq danalig’inda adam tili onin’ ishki du’nyasinin’ aynasi, «adam tilinen, mal shaqinan», «jilli-jilli so’ylesen’ jilan da ininen shig’adi», «so’z jeyesin tapsa, mal iyesin tabadi» – degenge usag’an naqil-maqallar ko’plep ushirasadi.

Ertek, an’iz so’zler de, da’stanlarda so’z, til o’tkirligi, orinlilig’i arqali adamlar qiyinshiliqlardan qutilip, o’z maqsetlerine, a’rman-isteklerine eriskenin ko’remiz. Xaliq ardaqlap tilge alatug’in Jiyrenshe sheshen, Aydos biy, Ernazar Alako’z, A’jiniyaz, Berdaq, Ku’nxoja, Firdausiy, Babur, Timurlar til sheberliginin’ u’lgilerin ko’rsetip ha’m ju’da’ sheber paydalang’anlig’in ko’remiz. Ha’tte Xoja (Nasiratdin), Aldar Ko’se, O’mirbek Laqqi t.b. haqqinda aytilip ju’rgen anekdotlarda da na’rse asa o’tirik penen sa’wlelengen.

Mektepte bizin’ oqitiwshi ha’m oqiwshinin’ qatnasindag’i jasap turg’an ta’biyattin’, ja’miyettin’ rawajlaniw zan’liqlarin, adamlar arasindag’i a’dep-ikramli qatnasiqlarda tu’sinip o’zlestiriwi de mug’allim so’zi, onin’ so’ylew sheberliginin’ a’hmiyeti pedagogikaliq ka’siptin’ ko’p da’wirlik ta’jiriybesinde da’lillengen, isenimli qubilis ekenligi so’zsiz.

Mug’allim so’zi jas a’wladti oqitip, u’yretip, ta’rbiyalaw waziypasin ma’deniyatliliq talabi menen bir qatarda onin’ ka’sipke ta’n bolg’an pedagogikaliq talaplari da bar. Ha’r bir oqitiwshi sabaqta sotsialliq juwapkershilikti seziwi` sabaqtin’ mazmunin, onin’ so’ylegen waqitta sapali etip tu’sindiriwin, o’tken sabaqtin’ qanday aqibetke alip keliwine juwap beredi. Sonliqtan mug’allim so’zine, so’ylew sheberligine, onin’ pedagogikaliq sheberligine qaraladi. Oqitiwshinin’ awiz eki so’ylep tu’sindiriwi – bul so’ylep turg’an waqittin’ o’zinde serlep, diqqat awdarip ta’sirliligin basqarip, tu’rlendirip barliq ta’replerin og’an qoyilatug’in talap da’rejesinde atqarip otiriw sheberligi bolip esaplanadi.

Solay etip, qarim-qatnas protsessi psixologiyada ha’zirgi waqitta en’ aktiv aktual problemalarinin’ biri bolip esaplanadi.

Shaxstin’ jetilisiwide qarim-qatnas protsessinin’ tiykarinda rawajlanadi ha’m qa’liplesedi. Misali: shaxstin’ a’dep-ikramlilig’i, du’nyag’a degen ko’z-qarasi, pikiri, o’z betinshe do’retiwshilik qa’bileti, tu’sinigi, bilisiwi degen qa’siyetleri rawajlanadi.

Oqiwshilardin’ oqiw xizmetinde qarim-qatnas protsessi menen tig’iz baylanisli. Sol ushin qarim-qatnastin’ buziliwi oqiwshilar arasindag’i qarim-qatnas, oqiwshi ha’m mug’allim arasindag’i qarim-qatnaslar oqiw protsessine

u’lken ta’sirin beredi. Oqiwshida o’zine baha beriw, qa’weterleniw, ja’miyette o’z orni boliw kerek degen qa’siyetler payda boladi.

Mug’allimler oqiwshilar menen o’z-ara qarim-qatnaslarin jaqsi orientirovkada islep biliw kerek. O’z-ara qarim-qatnastin’ sotsial-psixologiyaliq o’zgesheliklerin bilip, olarg’a qanday usilda ha’m qanday jol menen tuwri tutiw kerekligin biliwi tiyis.

## 1.2. ERTE JASLIQ DA'WIRI SHAXSININ' PSIXOLOGIYALIQ O'ZGESHELIKLERI

Erte jasliq da`wiri 15-18 jas aralig`inda oqiwshilar bolip, bul da`wir joqarg'i klass litsey ha`m kolledj oqiwshilarin o`z ishine aladi. Bul da`wirde oqiwshilarda fizikaliq nig`ayiw ha`m ruwxiy o`siwi jag`inan ko`p na`rselerge o`zinshe baha bere alatug`in, du`nya qaraslari jeterli da`rejede ko`p waqiyalardi tu`siniwge mu`mkinshilik beretug`in, keleshek o`mir, ka`sip tan`lawg`a tayarlana baslaytug`in da`wir esaplanadi. Bul jaslar adamnin` puxaraliq jetilise baslaw ha`m sotsialliq erjete baslaw, ja`miyetlik o`mirge da`slepki aktiv kirip keliw, o`zinin` o`mir jolin tan`law, adamdag`i ruwxiy sipatlardin` qa`liplesiw da`wiri.

Olardag`i jeke o`zinshelik jaslardin` ja`miyettegi jan`a tutqan orni, ja`ma`a`tte, ja`miyetlik qatnasta aralasip baslawi menen o`zgerip baradi. Erte jasliqtag`ilar negizinde atqaratug`in xizmetlerinde de o`zgeris payda bolip, olar ko`birek miynet ha`m oqiwg`a belsene, rawan qatnasa baslaydi. Olardin` birewleri joqarg`i klassta oqisa, birewleri litsey ha`m kolledjlerge oqiwg`a kiredi, birazlar jumis isleydi – mine bul o`zgesheliklerde jaslar psixologiyasinda u`lken o`zgerislerdi payda etedi.

Jaslardi ja`miyetlik turmisqa enise baslawi olardin` oqiwg`a bolg`an qatnasin, du`nya qarasin, keleshektegi oylawin, o`z betinshe izleniw, ko`birek oqip biliwge ha`reket etiwge, ko`pshilik u`lkenler ja`miyet aldinda o`zinin` juwapkershilik parizin tu`siniwge do`retiwshilik xizmet penen shug`illaniwg`a mu`mkinshilik beredi.

O`zinin` keleshek o`mirin belgilewge, ka`sip, jumis bag`darin an`lawg`a qizig`iw payda boladi. Erte jasliq da`wirindegi er ha`m qiz balalarimizdin` tutqan sotsialliq pozitsiyasi – bag`dari oqiw, u`yreniw, onin` waziypa – maqsetlerine, oqiwdin` mazmunina ko`z-qarasin o`zgertedi. Endi olar oqiw, bilim aliw, olar keleshekte ne beredi, nege kerek boladi, oqiw bilim aliw onin` keleshegine qanday payda keltiretug`inin bahaylay baslaydi.

Erte jasliq da`wirindegi oqiwshilar o`spirimlerge qarag`anda basqasharaq pikir aytadi. Misali: “Sen ne ushin oqip ju`rsen” degen sorawg`a o`spirimler a`jeplengenlik penen abirjip sorawg`a soraw qoyiw menen: “Ne ushin oqip ju`rsen degeni nesi?”, “Oqimawg`a bolama, oqimag`anda ne islewim kerek?” degende usag`an juwap qaytarg`an. Al erte jasliq da`wirine kirgen jaslar “Men keleshekte qurilisshi – injener bolg`im keledi, onin` ushin oqiw kerek, bilimli ko`p na`rsege tu`sinetug`in adam bolip shig`iw kerek – sonliqtan oqiyman” dep juwap bergen. Bul misallardan ko`rinip turg`aninday-aq jaslar oqiw, bilim aliwg`a o`zinin` keleshegi, aldindag`i a`rman-maqsetlerine erisiw ushin oqiw kerekligin tu`sinetug`inin ko`riwge boladi. Oqiwdi pitkeriw jaqinlasqan sayin olar keleshek ka`sibin belgilew, tan`law talabi sezilerlik da`rejege ko`terildi. Olardin` oqiw pa`nlerine qatnasada oylap ju`rgen keleshek ka`sibine baylanisli o`zgerip baradi. Degen menen jaslar arasinda birneshe ka`sipke qizig`iwshiliq, qaysisin tan`lasam eken degen oylar olardi ta`shwishke saladi, oylandiradi. Bul ma`seleni sheshiwde ata-analardin` talabi qatar-qurbilari pikirleri, o`zinin` mu`mkinshilik, uqip o`zgesheliklerine na`zer taslay, oylanip tolg`aniw keshirmeleri olarda geyde ekileniw, gumanlaniw, isenimsizlik ha`tte tu`skinlikke de alip keledi. Bul ma`selede mektep, litsey mug`allimleri, a`sirese ata-analar balalarg`a duris ken`es beriw, oylanin`qirap bir sheshimge keliwge ja`rdemlesiw sha`rt. Sonin` menen birge joqarg`i klass, litsey oqiwshilari menen olardin` qizig`iwlari, uqip mu`mkinshiliklerine qarap ha`r bir oqiwshig`a ayirim qatnas jasaw, arnawli tapsirmalar berip ko`riw, krujok, fakultativlerdi, arnawli klasslardi, ayirim pa`nlerde teren` u`yrenetug`in sho`lkemlestiriw, ushirasiwlar o`tkeriw, ka`sip ha`m olardin` qa`nigelik sipatlamasi, adamg`a qoyatug`in talaplari haqqinda sa`wbet, keshelerdi jiyi o`tkeriw talapqa muwapiq keledi.

Erte jasliq da`wirinde jaslarda o`zin an`law o`zinin` basqalarday ekenin tu`sine baslawi, o`zin “men” dep basqalarg`a salistirmali tu`rde olardan ayirmashilig`in an`lay baslawg`a umtiliw, o`zindegi o`zine ta`n, basqalardan parqin ko`rsetetug`in psixikaliq qa`siyetler ha`m sipatlardi sezine baslaw, o`zine sotsial a`dep-ikramliq baha beriw usag`an psixologiyaliq jaqtan ju`da` qurama

ha`m teren` adamgershilik ma`niske iye bolg`an sipat o`zgesheliklerdi o`z ishine aladi. Bul joqaridag`i elementler o`zinin` atqaratug`in xizmeti ha`m kelip shig`iw jag`inan da bir-biri menen ju`da` tig`iz baylanisli bolip keledi. Biraq olar barlig`i bir waqitta qa`liplesip payda bola bermeydi.

O`zinin` basqalarday ekenligin sezinip an`law ju`da` kishkene waqittan – aq payda boladi: ol sezedi, taniydi t.b., al o`zinin` “Men” ekenligin 3 jaslardan baslap jaqsi ang`ara baslaydi. O`zlerindegi psixikaliq sipatlardi an`law ha`m o`zine baha beriw o`spirim ha`m erte jasliq da`wirine kelip u`lken orin iyeleydi, o`spirim jaslar ushin ku`shli a`hmiyetke iye boladi.

O`spirim jasinin` o`zinde – aq olar o`zinin` “Men” ekenligine ha`m onin` sipatlarina kewil awdara baslaydi. Olar o`zinin` sirtqi fizikaliq (tulg`aliq) pishimine, ko`rinisine, denesine ser saladi, ol o`zgesheliklerdi aniqlap bilip aliwg`a umtiladi. Bul awhal erte jasliq da`wirinde de o`z a`hmiyetin jog`altpaydi. O`zine qaraw, oni sinap u`yreniw jaslarda tinishsizlaniw, o`z ko`rinisi haqqinda oylaw, ha`tte oni o`zgertiwge ha`reketleniw, silanip siypaniw ko`beyip ketedi, o`z qatar qurbilari arasinda ayrilip ko`zge tu`siwge umtiladi. Al ayirim jaslardag`i boyinin` kishiligi yamasa bet a`lpetindegi ayirim kelisiksizlik – nuqsanlar: asa sezimlik, betinin` tegis bolmawi, olardi tu`rli ishki keshirmelerge, qolaysizliqlarg`a, ar-namisqa iytermeleydi. Sonliqtan jaslarg`a sirtqi suliwliq, keliskenliktin` ornin, onin` a`hmiyetinde tu`sindiriw menen birge, en` abzali adam qa`lbinin` gozallig`i ekenligin ko`rsetiw ju`da` a`hmiyetli.

Bul jastag`ilar o`z ko`rki, aqilin bahalawda o`zin basqalarg`a salistirip ko`riw arqali erise aladi. Olar ol o`zi kim, qanday adam bolip kiyatir, nege uqipli, ol kimnen artiq, kimnen kem t.b. o`z islerinde, peshelerinde basqalardin` bahasin ko`rsetiwi, betine aytiwi boyinsha an`lawg`a da tirisadi. Biraq bul ma`selede turmisliq ta`jiriybenin` azlig`i na`tiyjesinde geyde o`zin tekserip ko`riw, sinap ko`riw ushin aq qa`wipli, kelisiksiz na`rselerdi de islep qoyiwi itimal. O`zi haqqindag`i basqalardin` pikiri a`sirese qatar-qurbilarinin` pikiri, mug`allimler, u`lkenler pikiri menen sa`ykes kelmegen jag`dayda jaslar tinishsizliqqa, geyde

u`mitsizlikke de berilip ha`reket etiwi de itimal, bulardin` aldin aliw, shin kewilden ja`rdem beriw kerek.

Olarda o`zinin` “Men” obrazi: “men ha`zir qandayman, qanday boliwg`a umtilaman, qanday boliwim kerek, qanday boliwdi a`rman etemen” t.b. oylar qamtip aladi, og`an juwap izleydi. Jaslar ku`ndelikler alip baradi, a`debiy shig`armalar qahramanlarina o`zlerin salistirip ko`riw, a`sirese bulardi ko`birek adamdag`i qa`lbindegi keshirmeler, tolg`aniwlar, maqsetler ko`birek qiziqtiradi. Bul o`zgesheliklerdi ta`rbiyashilar sheber paydalaniwi, olarg`a o`zin ko`rsete aliwg`a jag`day tuwdirip bariwi, ko`pshilikten ajiralip, o`zin qolaysiz “jalg`izliq, jatsirawg`a” tu`sirmewge ha`reket etiwi za`ru`r.

Erte jasliq da`wirindegi balalar ha`m qizlar o`zlerindegi o`mirde o`zinin` ornin belgilep aliw mashqalalarin bir o`zi sheshe almaydi, al ata-analari, ten`-qurbilari menen g`ana sheshiwi mu`mkin.

O`spirim jasinin` o`zinde-aq olar erjete baslag`anliq, eseye baslag`anliq belgilerinin` oyaniwi menen o`zlerin ha`dden tisqari qorg`ay beriwden, olardi kishkene bala dep qarawdan qutiliwg`a umtiladi ha`m ata-analari menen qatnaslarin u`lkenler menen ten`leskenlik, u`lkeyip eseygenlik sipatinda qaraw negizinde quriwg`a tirisadi, o`zlerin eseygen adam sipatinda esaplawdi talap ete baslaydi. Bunday bag`dar aliw da`slepki jasliq da`wirinde de dawam etedi. Bul o`z aldina ha`reket etiw huqiqina umtiliw da`rejesi ha`m ta`biyati qanday boladi? Bul ma`selede jaslardin` sotsialliq psixologiyasinda bul da`wirge “a`wladlar konflikti” yamasa “topalan`shilar” da`wiri dep qaraw ideyasi o`zinin` ziyanin tiygizdi. Haqiyqatinda bolsa “atalar menen balalar qatnasi” tu`rlishe sotsialliq jag`daylarg`a baylanisli boladi.

Bular sotsialliq o`zgerislerdin` tezligi yamasa aqirinlig`i ha`m xarakterine, semiyanin` du`zilisine (semiyadag`i adamlarg`a), ta`rtipti quwatlaw usil ha`m sipatlarin t.b. baylanisli bolip keledi. Ata-ananin` abirayi, olardin` aytqanlarina so`zsiz bag`iniw da`stu`ri jaslardi sheklep, olardin` o`z umtiliwlarina ken` jol aship bermeydi, sonin` na`tiyjesinde bala ha`m atalar arasinda kelispewshilikler kelip shig`iwi itimal, bunday halatta jasawg`a ta`rbiyanin` demokratiyaliq boliwg`a bul

qiyinshiliqtan shig`iwg`a ja`rdem beredi. Sonliqtan bul ma`selege a`piwayi tu`rde ko`z jumip qaraw, biypa`rwa boliw ju`da` qa`wipli aqibetlerge alip keledi.

Ha`zirgi psixologiyada jaslardin` avtonomiyag`a umtiliwin (konkret) aniq tu`rde tu`siniw-olardag`i “Minez-quliq avtonomiyasi”nin` ta`replerin aniqlap alip tu`siniwde aldina maqset etip qoyadi, yag`niy jaslardin` tek o`zlerine jeke tu`rde tiyisli bolg`an huqiq ha`m talaplarin o`zlerinshe sheshiwge umtila beriwin shegaralap, onin` emotsionalliq avtonomiyali (ata-analardan g`a`rezsiz o`zlerinin` tilek-isteklerine huqiq beriw talabina ha`m huqiqina ha`mde a`dep-ikram ha`m qa`diriyat avtonomiyasina) o`z ko`z qaraslari, olardin` o`zlerinde payda etiwine eki ta`rep kelisimi mu`mkinshilik bergeni maqul. Jaslar so`zsiz o`zlerinin` bos waqtin qalay o`tkeriwde u`lkenlerden go`re o`z qatar qurbilari menen oylasadi, kelisedi, o`zlerinshe o`tkeriwge ha`reket etedi.

Biraq bulardi duris tan`law, qa`telespew ushin ja`miyet ta`repinen, u`lken ta`repinen barliq mu`mkinshilikler waqitti unamli, paydali o`tkeriwge jag`daylar (klublar du`ziw, mektepten tis ta`rbiya orinlarin du`ziw, kesheler, seyiller, jarislar, konkurslar ja`riyalaw t.b.) jaratiw sha`rt.

Jas o`spirimlerdin` ata-anag`a degen sadiqlig`i, berilgenligi, miyrim-sha`pa`a`ti o`ship qalmawin, qarsilasiw, bo`lekleniw, o`zinshe ketiwge jol qoya bermew maqul.

Bul da`wir basqa da`wirge qarag`anda ju`da` awqamli, ja`ma`a`tshi da`wir. O`spirimler ko`binese ja`ma`a`t penen birge boliw, basqalar menen birlesiwge tirisatug`in bolsa, erte jasliq da`wirindegiler oni o`z qatar qurbilarin o`z ortasina aliwin, olarg`a o`zinin` kerekligin, olar arasinda belgili orin ha`m abirayg`a iye boliwg`a tirisadi.

Erte jasliq da`wirindegiler qarim-qatnas, baylanis shegaralarinin` ken`eyip bariwi olar arasinda toparlar, bir-birine jaqinliq birlespeler, ja`ma`a`t tu`rlerin ko`beytip jiberedi. Olar mekteptin` o`zinde, onnan tis jerlerde de formal emes toparlar tu`rinde payda bolip, bular geyde bir-birine qarsi kelip qaliwda, shiyelenisiw payda etiwi de itimal. Sonliqtan mekteplerde tek mekteptegi topar

birlesikler g`ana emes, al onnan tisqaridag`i jaslar topari, ja`ma`a`tleri haqqinda mag`liwmatqa iye boliw, balalardi bul joldan saqlap qaliw ila`jlarin ko`riw sha`rt.

Bul da`wirde ja`ma`a`tshilikke, toparlarg`a birlesiwge umtiliw ku`sheyiwi menen bir qatarda olarda bir-birleri menen jeke tu`rde doslasiw talabi da o`rkenlep baradi. O`zine dos izlew, dos arttiriw niyeti o`spirim jasinda-aq payda bola baslaydi, al erte jasliq da`wirinde bul umtiliw teren`lesip, turaqlasip ha`m en` negizgi qarim-qatnas, baylanis formasina aylanip baradi. O`spirimlerdi ko`birek uliwma qizig`iwlardi jaqinlig`i, birge boliw, birge ju`rip ha`reket etiw doslastirsa, endi erte jasliq da`wirindegilerde dosliq o`zinin` az sandag`i adamlar menen birlesiwge umtiliw, emotsionalliq jaqinliq, haq ko`kireklilik, haq niyetlilik birlestiredi. Olardag`i o`zin an`lay baslaw o`zine jaqin adamdi izlew, onin` menen sirlasiw “bar sirin og`an aytiw” o`z keshirmeleri, qa`lbindegi en` jasirin tolg`aniwlarin birew menen bo`lisiwge za`ru`rlik, mu`ta`jlik, talpiniw sezimleri ku`sheyedi. Sonliqtan – da dosti, dosliqti tap o`zindey sanaw talabi umtiliwi bekkemlenip baradi.

Dosliq sezimleri er balalardan go`re qiz balalarda erterek payda boladi. Salistirip qarag`anda dosliq ideali qiz balalarda joqariraq basqishqa ko`teriledi. Dosliqti tan`lawda jeke o`zgesheliklerde ushirasadi. Ayirim jaslar bir adam menen g`ana haqiyqiy dos boliwdi, “dos” (haqiyqiy dos bolsa) tek g`ana birew boliwi kerek dep esaplaydi, al geybirewler ekew, u`shew menen de doslasadi. Geyde dosliq joldasliq qatnasta kem-kemnen o`sip, dosliqqa aylanadi.

O`spirim jasinda er bala menen qiz bala arasindag`i qatnas, bir-birinen qisiniw, tartiniw arqali biraz sheklengen bolsa, erte jasliq da`wirine kelip bul qatnas aktivlesedi, na`zerge tu`serlik da`rejede ko`zge tu`se baslaydi. Joldasliq qatnaslar ken`eyiwi menen bir jinislilar arasindag`i kompaniya, birlesik toparlar menen bir qatarda aralas (er ha`m qizlardin`) toparlari da payda boladi.

Bunday toparlarg`a qosiliw qizlarda ko`birek ushirasadi. Da`slepki balaliq muxabbat V-VI klasslarda jiyi ushirasadi, al 15-16 jaslarg`a kelip ol muhabbatqa aylanadi.

Muhabbat jaslarda fiziologiyaliq jaqtanda, sotsial a`dep-ikramliq jaqtanda toliq pisip jetiskenligine a`hmiyet beriw orinli. Sonliqtan jaslar arasinda jinisiy-gigienaliq, a`dep-ikramliq ta`rbiya, sa`wbetler olarg`a bul ma`seleni duris tu`siniwge ja`rdem beredi.

Bul da`wirde oqiw xizmeti negizgi iskerlik esaplanadi. Joqarg`i klass, litsey, kolledj oqiwshilarinda oqiwg`a, bilimge qizig`iw o`spirimlerge qarag`anda joqari turadi, sebebi bul da`wirde oqiw motivleri son` oqiwdi dawam etiw, ka`sip tanlaw, onin` ushin kerekli bilimler ko`birek qiziqtiradi. Usinin` menen birge oqiw motivleri jaslardag`i payda bola baslag`an sotsial-ja`miyetlik tu`sinik sezimler: Watang`a xizmet etiw, al basqalarg`ada payda keltiriwge umtiliw motivi menen ulasip baradi. Sonliqtan-da oqiw predmetlerinin` teren` mazmunli boliwi, ondag`i teoriyaliq ha`m praktikaliq bag`dar qiziqtiradi, pa`nlerdin` a`meldegi qollaniliw faktlerin biliw umtiliw ku`sheyedi. Bul jaslardi oqitiwg`a ku`sheyedi, mug`allimlerdin` bilimi, eruditsiyasi, ha`r ta`repleme bilip juwap bere aliwg`a tayarlig`in talap etedi. Erte jastag`ilardin` bul bag`darg`a niyetlenip ha`reket etiwi olardin` o`zin qanday da`rejede sezinip o`zine baha beriwine baylanisli. Bunda jaslar o`zinin` qaysi tarawda qanday na`rselerge beyimligi barin, ku`shli mu`mkinshiligi, al qaysi ha`m qanday ta`repleri ha`lsiz, jetkiliksiz ekenligin sezinip bile aliwina qaraydi. Bunday ta`replerin an`lay aliwi oqiw motivlerin aniq tan`lap tu`siniwge ja`rdem beredi. Eger bunday motivler aniq qa`liplespese, onday oqiwshilar o`zinin` oqiwg`a degen qatnasin, keleshegin duris ha`m sheshiwshi maqsetli da`rejede sezip qatnas jasawi qiyin.

Erte jasliq da`wirinin` o`zine ta`n intellektual – aqil biliw o`zgeshelikleride bar. Bunday o`zgeshelikler so`zsiz o`spirim jasinda payda bola baslag`an o`zgeshelikler negizinde rawajlanadi, birden joq jerden o`zinen o`zi payda bola almaydi.

Bul jastag`ilar tu`sinikler ja`rdeminde oylay aladi, pikir ju`rgiziwde joqari da`rejedegi oylaw protsesslerinen: salistiriw, uliwmalastirip juwmaqqa o`z sheshimine keliw, taliqlaw, logikaliq juwmaqlarg`a kele biliwge u`yrenedi. Olar zatlardag`i ha`m qubilislardag`i belgilerdin` uliwmaliq o`zgesheliklerinen 92%

shekem ayira aladi, al o`spirimler bolsa 53% shekem ayira biliwi mu`mkin. Bul belgiler ha`m tu`siniklerde de an`lawg`a imkan beredi ayirim ma`seleler u`stinde tartisiw, o`z pikirin aytip oni jaqlawg`a ha`reket etedi, adam turmisinin` ma`nisi, etikaliq, adamgershilik, a`dep-ikramliq ta`replerine itibar berip ba`sekilese aladi. Misali: “o`mir”, “baxit”, “dosliq”, “hu`jdan”, “muxabbat” ha`m t.b. ma`selelerde o`z pikirlerin` ortag`a qoya aladi. Bul erte jastag`i jaslar menen ko`plegen qiziqli, ja`miyetlik paydali ma`selelerdi, o`mir, turmis, keleshek haqqinda qiziqli kesheler, izleniwler, romantikaliq ba`sekiler o`tkeriwge ken` jol ashadi.

Erte jasliq da`wiri negizinen oqiw menen mashg`ul bolatug`in jaslar bolg`an menen de bul jastag`ilar o`mirinde miynet, miynette qatnasiw anag`urlim aktivlese baslaydi. Sebebi, jaslar fizikaliq jaqtanda, a`dep-ikram jag`inan da miynette qatnasiwg`a toliq mu`mkinshiligi bar ha`m perzentlik parizi jag`inan da, puxaraliq (olar pasport alip, ja`miyet puxarasi esaplanadi) jag`inanda miynetke aralasiwi sha`rt bola baslaydi.

Usinin` menen birge adam balasinin` jeke o`zinshelik sipatlarinin` en` joqarg`i ta`repleri miynette qa`liplesip rawajlanadi, kamalg`a keledi. A`sirese bul jastag`ilar ata-analarinin` en` jaqin ko`mekshileri, ja`rdemshileri, al geyde g`amxorlari (kishkentaylar ushin) sipatinda ko`p na`rselerdi tu`sine baslaydi, o`z parizin an`laydi. Sonliqtan en` aldi menen bul jastag`ilar ushin shan`araqtag`i islenetug`in miynet tu`rlerine aktivirek tartiw, olarg`a aniq tu`rde waziypalar ju`klew ha`m talap etiw tekserip bariw en` za`ru`rli sha`rt esaplanadi. U`yde “nan go`rek” bolip jasaw “biypayda”, “qang`ima” bolip jasaw onin` o`zi ushinda, do`gerek-a`tiraptag`ilar ushinda, a`sirese ata-ana ushinda jag`imli na`rse emes, bunday jaslardan ha`mme tun`iledi, bundaylardin` keleshegide “tuyiq” – aydin bolmaydi. Al mektepte, litsey, kolledjlerde ha`r tu`rli ja`miyetlik paydali miynetke ko`birek aralastiriw za`ru`r, biraq bunday jumislar, miynet tu`rleri ha`dden tis, shegarasiz, jaslarimizdi xorlaytug`in da`rejege shekem barmawi za`ru`r. Olardin` negizigi oqiw islerin pu`tkilley uzaq waqitqa shekem toqtatip taslap, ku`n tunlep, bir neshe aylap rejimsiz jumsaw da`rejesine jetpewi kerek. Miynettin` bunday tu`rleri ja`ma`a`t bolip miynet etiw arqali ha`m stimullang`an az bolsada haqi to`lemli

bolg`ani maqul, ja`nede olardin` qizig`iw, keleshek ka`siplerin de esapqa aliwi menen jaqsi na`tiyje beredi. Jaslarimizdin` ayirim bo`legi o`ndiriste islep, oqiwdan qol u`zbey islewine de mu`mkinshilik jaratiw a`hmiyetli.

A`sirese erte jastag`ilardi keleshektegi ka`sip tan`law, o`z jolin tabiw ma`selesi olardin` ha`r birin ta`shwishlendiredi. Sonliqtan ka`sip tan`lawg`a ja`rdemlesiwde da`slep qizig`iw beyimlikke qarap ka`sip tan`lawg`a ja`gday tuwdiriwi sha`rt. Jaslar ushin bul ma`seleni ayqinlastiriwda mekteplerde, litsey, kolledjlerde ka`sipke bag`darlaw, ka`sipke tayarlaw, ka`sip tan`law ma`selelerinin` ha`r biri usi tu`sinikler mazmunan sa`ykes alip barilsa g`ana duris na`tiyje beredi. Bunin` ushin ka`sip haqqinda tu`sinik beriw, tanistirip bariw u`lken a`hmiyetke iye. Sonin` menen birge ka`sipke jaslardi tan`lap aliw ma`selesi de jolg`a qoyilsa, olar ka`sipke a`ytewir kirise bermeytug`inin og`an tan`lap alinatug`in tu`singeni, og`an o`zin tayarlawg`a umtiliwi na`tiyjeli boladi.

## 1.3. SHAXSTIN’ QA’LIPLESIWINDE QARIM - QATNAS PROTSESSININ' PSIXOLOGIYALIQ O’ZGESHELIKLERI

Shaxstin’ psixikaliq rawajlaniwin ondag’i sotsialliq ha’reketlerdin’ qa’liplesip bariwi, olardin’ o’z a’tirapindag’i adamlardi (qatar qurbisi, ata-anasi, mug’allimi) sezimtalliq emotsiyaliq da’rejede (qa’lbindegi, olarg’a degen issiliq, ishtartiw, mu’riwbet) ta’n aliw, olardi qabillap tu’siniwine baylanisli boladi. Baladag’i bul burilis o’zgeshelikleri onin’ a’tirapindag’ilar menen qarim-qatnasinin’ aktivligine, baylanislarinin’ unamli jaqsi yamasa unamsiz, jaman boliwina baylanisli ha’r tu’rli sipatqa iye boladi. mine usig’an qarap bala menen ata-ana, qatarlari, basqa u’lken adamlar, mug’allimleri menen o’zin qalay seziniwi, olardin’ ta’sirin o’zine sin’diriwi, u’yreniwi yamasa kerisinshe qarsi boliwi, ha’kisine islewi, unamsiz minez-quliqlardin’ sebepshisi boladi.

A’sirese kishi mektep jasindag’i yamasa o’spirimlerde o’zine qatar qurbi, jora-joldas tan’lawda, olar menen unamli qarim-qatnasta boliwina, olardan jaqsi ta’replerdi u’yrenip, ta’n alip, o’zlestirip o’zine sin’dirip bariwinda en’ aldi menen ata-analardin’ (semyadag’ilar) balag’a ta’siri, olardin’ qabil etilgen peshe-ha’reketler u’lken orin iyeleydi. Bunday ta’sirlerden balanin’ a’tirapindag’ilar menen qatnasta` bala menen bala qatnasi, bala ha’m u’lkenler, bala ha’m ata-ana, bala ha’m mug’allim mashqalalari tuwiladi, bulardin’ qanday boliwi ha’m qanday bag’darda sheshiliwine qaray bala psixikasindag’i o’zgerislerinin’ jaqsi jaman ta’replerinin’ qa’liplesip bariwi tikkeley baylanisli. sebebi bala ol a’ytewir bir ju’rgen tiri jan g’ana emes, al o’sip barg’an sayin o’zin an’laytug’in, o’zin basqalardan ayira alatug’in, salistirip ko’re alatug’in, basqalardan alg’an ta’sir tu’siniklerinen o’z qa’lbine tu’rlishe terbelis, tolg’aniw, keshirmeler payda ete alatug’in, (o’zinin’ basqalardi ta’n aliwi yamasa ta’n almay tu’sinispewinen kelip shig’atug’in) sotsiallasqan aktiv tiri jan esaplanadi. Buni ha’r bir adam tu’isiniwi, ta’n aliwi, ol haqqinda ba’rqulla oylaniwi sha’rt, bala qa’lbine daq, diq tu’sirip almawg’a tirisiwi lazim. Bunday qa’telerge jol qoymaw ushin en’ aldi menen balanin’ sizdi shin qa’lbi menen ta’n aliwina, onin’ qa’lbinde sizge degen isenimi,

jilliliq, berilgenlik, haqniyetlik ha’m da’rtlik, sezimlerin oyata aliwg’a erisiwge ha’reket etiw ha’r bir adamnin’ u’lkenlerdin’ waziypasi, parizi. Siz benen bala arasindag’i birge tatiwlin’, hu’rmet, berilgenlik, sadiliq, en’ qu’diretli sha’rti ha’m qurali. Joqarida aytilg’an sha’rtlerdin’ semyada, baqshada, mektepte qanday a’melge asiriliwinda qarap balarda en’ aldi menen ata-analarina, u’ydegi u’lkenlerge ha’tte kishkene u’kelerine, qatar-qurbilarina, mug’allimlerge degen qtanasi, ko’z qarasi qa’liplesip, o’zgerip baradi. Bul ma’selelerge ata-analar konsul`tatsiyasinda, a’sirese olar menen o’tkeriletug’in sa’wbet, pedagogikaliq ag’artiwshiliq jumislarinda u’lken itibar beriliwi sha’rt.

Ha’r bir ata-ana so’zsiz o’z perzentinin’ jaman bolg’anin tilemeydi. Degen menen balag’a degen mehribanliq, oni janinday jaqsi ko’riw niyetinen, iqlas ha’reketlerinen geyde tisqari da’rejegede barip qalg’animizdi o’zimiz de sezbey qalamiz, bunday bala qa’lbinde unamsiz o’zgeshelikler, menmenlik, miyrimsizlik, o’zinin’ aytqaninan qaytpas o’jetlik, gejirlikke u’yretip alamiz, al bul onin’ basqalarg’a da unamsiz qatnas jasawina alip keledi. Bunin’ da shegi boliwi, an’lap, oylanip is alip bariliwi aqilg’a muwapiq boladi. Kerisinshe balag’a onsha kewil bo’lmew, og’an biyparwa qaraw, ha’mme balalarinda birdey ko’rmew balani jekelendirip, tuyiq, hu’reyli, o’zine isenimsizlik, tartinshaq, kem-kewillik payda etedi. Sonday-aq qatti qolliliqta shekten tis bolsa, jaman aqibetlerge alip keledi. Semyada u’lkenlerdin’ de, kishilerdin’ de o’z orni,o’z hu’rmeti bolsin` u’lkenmen dep diktator, ba’rha’ma men haqpan )menin’ aytqanimnan shiqpaysan’ dewge( de bolmaydi, balanin’ da adam ekenin, onin’ da sizlerdin’ arqan’izda orni girewliligin ta’n aliw, moyinlaw, olardi da tu’siniwge ha’reket etiw kerek. O’zin’izdi ju’da’ to’menlete bermen’ moynina mindirip te alman’, ha’r bir na’rse o’z o’lsheminde, o’z orninda bolsin. Bul joqaridag’i qatnas ornatiwdag’i tek g’ana balanin’ o’zin tu’siniw emes, al ko’p na’rseler balanin’ sizdi tu’siniwi, yamasa o’z ata-anasin tu’siniwine de baylanisli. bunin’ ushin ha’r bir ata-ana yamasa mug’allim bala ne ushin, ne sebepben ata-anasina yamasa sizge bunday qatnasta boliwinin’ sebeplerin izlestiriw, oni an’lawg’a ha’reket etiwi orinli.

Mug’allim, oqiwshi, ata-ana qatnastin’ ornatiwinda adamlar arasindag’i jas ayirmashiliq o’zgeshelikleri, sonin’ menen bir qatarda ha’r kimnin’ o’zine ta’n jekelik (individual), o’zgesheliklerdin’ de tutatug’in orni bar. Bala kishkene waqtinda (yasli, baqsha jasi) u’lkenlerden ko’p jag’inan g’a’rezli, oni abaylap-asirap o’siriwge tuwri keledi, olar u’lkenlerge ko’birek elikleydi, u’yrenedi, aytqan talaplardi da u’lkenlerdin’ aytqanina qarap islewge ha’reket etedi, u’lkenler abiroyi onin’ ushin u’lgi ha’m zan’li. degen menen olardi ta’rbiyalawdin’ da o’z jollari o’z usillari bar, olar esapqa aling’an tu’rde is ko’riledi. (Bular haqqinda o’tilgen temalarda ken’ tu’rde so’z etildi). Bala jasinin’ o’zgeriw menen onin’ psixikasi da o’zgerip, du’nya taniwi, o’zin an’lawi, qarim-qatnasqa tu’siwi de o’zgeredi.

Kishi mektep jasindag’ilarda oylaw, aqil protsessleri ken’eyedi, tu’sinikleri artip, oqiwg’a baradi, qatnas jasaytug’in adamlari da o’zgeredi (mug’allimler, u’lken jastag’i basqa da adamlar). Olardin’ aldina biraz qiyin talaplar qoyiladi. Olar oqiw bilim u’yreniw, ta’rtip saqlaw, a’dep-ikram o’lshemlerine boysiniw, ko’pshilik penen jasawg’a, olar arasinda o’zin qalay tutiwi, onin’ ko’pshilikke ta’sir baylanislari, tutqan orni t.b. o’lshem talaplar kelip shig’adi, bul da’wirdegi balalardin’ bir-birin, basqalardi tu’siniwi, oalrdan ta’n aliwi, balani basqalardin’ ta’n aliwina da ayriqsha talaplar bar. Bulardi eskermey is tutiw qa’teliklerge alip keledi.

O’spirim jasi erte jasliq da’wirinin’ de o’z mashqalalari bar. Bul da’wir a’sirese o’spirim jasi o’tiw da’wiri dep ataladi, o’zinin’ u’lkeygenligin seziniw, sonliqtan o’zine (kishkene balag’ay) dep qaramawdi, basqalar menen ten’ ko’riwdi, onin’ menen esaplasiwdi talap etedi. Olarda o’zinshe ha’reketke umtiliw, izleniw ku’shli fizikaliq, jinisiy jaqtan da o’zgerisler boladi, bilimlerge, bilgisi keletug’inlari da ken’eyip basqasha tus aladi. U’lkenler menen ko’pshilik kelispewshilik konfliktler kelip shig’adi. Sonliqtan da bul da’wir balalarin jetip biliw, olar menen ten’ qatnas jasaw, olardin’ isenimin an’law, adamgershiligin hu’rmetlew arqali ko’p na’rselerge erise alamiz.

Ha’r tu’rli jastag’i balalar ha’m oqiwshilar menen mug’allim qatnasinin’ jaqsi unamli bolip, bir-birine isenim, shin hu’rmet (qorqiw, mug’allim bolg’ani

ushin emes) arqali bir-birin ta’n aliwi tek g’ana oqiwshinin’, balanin’ o’zgesheliklerine g’ana emes, al mug’allimnin’ de jeki psixologiyaliq o’zgesheliklerinin’ qanday boliwina baylanisli boladi. Mug’allim de adam, onin’ da o’zine ta’n bolg’an jeke o’zgeshelikleri bar. Mug’allimnin’ jeke o’zgesheliklerinde de balani o’zine tarta alatug’in, bala kewlin, qa’lbin alatug’in unamli ha’m unamsiz da o’zgeshelikler gezlesedi. A`sirese mug’allimnin’ jeke o’zgesheliklerindegi o’z ka’sibine, o’z pa’nine bolg’an jetikligi, bilimliligi, sol bilimlerdi balag’a shin kewlinen, balani bilimli etiwge, sol arqali og’an o’mirde o’z ornin tabiwg’a ja’rdemlesiw, og’an jaqsiliq, su’yiwshilik tiyetten g’ana qatan’liq, talapshan’liq tileytug’ini balag’a tu’sinikli, balani isendirerlik da’rejede qatnas jasawg’a umtilatug’inin ko’rsetip, balani o’zine tartip otiratug’in sheberlik ha’m bilimlilik, balani su’ysindiretug’in adamgershilik, ma’deniyaliliq, miyirbanliq, a’dep-hadallin’ belgileri sezilip, ko’zge taslanip tursa g’ana balalar og’an berilgenlik, sadiqliq, hu’rmet penen qatnas jasaydi.

Mug’allimnin’ jeke o’zgesheliklerindegi onin’ sirtqi ko’rinisinen ju’ris-turisinan, basqalarg’a qatnas jasaw o’zgesheliginen, adamlarg’a degen siylasig’inan, mu’riwbetliginen, adamgershiligi, shin so’zliginen, haq niyetli kewlinen, kishipeyilliginen, a’dilliginen, su’ykimli qatnas jasay aliwinan, o’zine de, basqalarg’a da talapshan’lig’inan, bir so’zliginen, miyirmanshilig’inan bilinip turatug’in a’dep – ikramli, ma’deniyatli, adamlar menen ashiq so’ylese alatug’ininan, adamg’a degen jaqsilig’inan, o’z xalqin, o’z eline berilgenliginen, ja’miyetshiliginen, pidayilig’inan, minez-qulqinan bilinip turatug’in jeke o’zgeshelikler bala ta’repinen tez ta’n alinadi, sonday boliwg’a umtildiradi, og’an degen berilgenlik bekkemlenip baradi. Mug’allimdegi bunday o’zgeshelikler balalar ushin u’lgi bolip, balalar bunday mug’allimlerdi shin qa’lbinen hu’rmetleydi, olar menen ashilisip so’ylesedi, onnan hesh na’rseni, haqiyqatliqti jasirmaydi, bunday mug’allimler oqiwshilar menen tez tu’sinise aladi, og’an qoyg’an talaplarinda balag’a orinlatiwi an’sat boladi. Bala menen ata-analar, semyadag’i basqa adamlar arasindag’i qatnastin’ da qaysi bag’darda bariwi, qanday aqibetlerge alip keliwi de semyadag’i aldi menen ata-ananin’ jeke

basindag'i jekelik, o'zinshelik sipatlardin' o'zgeshelikleri, o'zine ta'n ta'repleri balanin' ata-anasi ha'm semyadag'i basqa ag'zalari menen qatnastin' qanday boliwina, semyadag'i uliwma psixologiyaliq klimatqa, semyaliq birlesikke siylasiq-hu'rmetke o'z ta'sirin tiydiredi. Sonliqtan ata-analardag'i o'zgesheliklerdi de an'lastiriw, bilip u'yreniwge kewil bo'liw, baladag'i unamli o'zgesheliklerdin' a'sirese qarim-qatnastag'i unamliliqti yamasa unamsiz ha'diyselerdin', konflikt, qarama-qarsiliqtin', a'sirese o'spirim ha'm jaslardin' semyadag'i shetlesip ketiwine, bir-birin tu'sinise almawinin' sebepshisi bolatug'inin ata-analarg'a uqtiriw sha'rt. Bul mektep psixologinin' konsul`tativ xizmetinde basli orindi tutadi. Bunda u'lken sheberlik, pedagogikaliq takt talap etiledi, a'sirese ata-analar menen tu'sinisiw, en'isiwge bag'darlang'an so'ylesiw, sirlasiwlar o'tkerip turiw ju'da' a'hmiyetli.

Semyadag'i balalar menen bolg'an qatnasiqtin' shiyelenisiwinin' negizgi sebeplerinen biri balalardi a'sirese o'spirimlikke jetilise baslag'annan keyin olardag'i o'zlerindegi u'lkeygenlik, eseygenlik sipatlarin sezine baslawin, endi olardi kishkene bala g'oy, hesh na'rseni tu'sinbeydi dep qarawlarin balalar ju'da' awir qabil etedi, ha'tte izalanatug'in da'rejege jetedi, awir keshirmelerge beriletug'inlig'in, usinin' na'tiyjesinde ayirim o'spirimler u'ndemes, tuyiq, u'ydegilerden shetleniw, basqa sirttan qosilg'an toparlarg'a, kompaniyalardin' ta'sirine beriliw, olardin' pikir ha'm ko'z qaraslarin o'zlerine sin'dirip solarday boliwg'a umtiliw tendentsiyasi tuwiladi, mine usi tendentsiyadan bala ata-anasinin' qisiminan yaki olardin' ha'dden tis kishkene baladay ko'rip g'amxorliq etiwinen arlanatug'in boliwi da mu'mkin. Sonliqtan semyadag'i bunday awhaldan balani qutqariw ushin ata-analar konsul`tatsiyasi olarg'a u'lken ja'rdem beredi. Tilekke qarsi ko'pshilik ata-analar baladag'i payda bola baslag'an bunday burilislardi o'zleri de sezbey qaladi, qa'te-kemshilikti o'zlerinen de izlestirmeydi, balama tek (jaqsiliq) etip atirman degen oyda boladi, al haqiyqatinda bunday dep oylaw balada ashiw, namis sezimlerin oyatip o'zinshe ha'reket etiwine iytermeleydi, na'tiyjede bala qoldan shig'ip, sizlerden jatsirawi da mu'mkin.

Qalay bolg’anda da baladag’i burilislardin’, o’zgerislerdin’ sebeplerin aldi menen ata-analar o’zlerinen, u’ydegi jasaw, o’mir, qarim-qatnas o’zgesheliklerinen al onnan son’ joqaridag’ilarg’a baylanisli balanin’ u’yden sirttag’i islerinen, mashqul bolatug’in, qizig’ip umtilatug’in na’rselerinen, kompaniyanin’ ta’sirinen izlegen maqul.

Solay etip qarim-qatnas protsessi adamlardin’ bir-biri menen tikkeley baylanis qatnasin ornatiwi, bir-birine qarata til arqali, ko’z-qaras arqali, ha’tte im arqali, bet a’lpetindegi, o’zin tutiwindag’i ko’rinisleri arqali ta’sir etiwi, bir-birin tu’siniwge bolg’an ha’reketlerin ja’mlestirip turadi. Bul tu’sinik a’wel bastan-aq adamlar ortasindag’i baylanistin’ o’lshemi, normasi sipatinda payda bolip, olar ha’r tu’rli o’zgeshelikte uliwma insan ma’deniyatinin’, ma’deniyatlilig’in yamasa ma’deniyat da’rejesinin’ to’men ekenligin ko’rsetip turiwshi qa’driyat, insaniy o’zgeshelik tu’rinde qa’liplesip kelgen, ol arqali adamlar bir-birin bilisken, ta’rbiyalag’an, bir-birinen u’yrengen.

Sonliqtanda ol u’lken filosofiyaliq, ja’miyetlik ma’niske iye. Sonday-aq onin’ psixologiyaliq ta’repi de sonda, adam balasi bir-biri menen qatnas jasasa g’ana ol adam boladi, o’zin an’laydi, o’zinin’ basqalardan parqin, usaslig’in biledi, sirtqi du’nyani, turmisti, o’mirdi biledi, tu’sinedi, u’yrenedi, xizmet ete aladi, o’z maqset isteklerine umtila aladi.

Pedagogikaliq jaqtan qarag’anda da adam qatnasi arqali bilimlerge iye boladi, ta’jiriybe toplaydi, ta’rbiyalanadi, ja’miyette o’z ornin tabadi, o’z xizmet iskerligin sho’lkemlestire aladi. Adamlar qatnasi xizmet babinda iskerlik ko’rsetiw menen g’ana a’melge asadi, sonliqtan adamlar qatnasi ha’m onin’ xizmeti bir-birinen ajiralmas birlikte a’melge asip otiradi. Sonin’ menen birge psixodiagnostikada qarim-qatnas protsessinde shaxsti u’yreniw anketasi ken’nen qollaniladi. Bul anketada balanin’ «Arziw, tilek ha’m qa’lewleri», «Oqiwg’a qizig’iwlari», «Oqiwdan tisqari qizig’iwlari», «Qarim-qatnasiq so’ylew», «Sezimleri», «Mektepke qatnasi», «Sotsiometriya», «Ata-analar mu’na’sibetleri», «Mug’allimler oqiwshilar ko’zi» menen atli sorawlari arqali soraw juwap

o’tkeriledi ha’m ha’r ta’repleme shaxsti aniqlawg’a boladi. Ja’nede «Semya kelbeti» interpretatsiyanin’ diagnostikaliq a’meli boyinsha test o’tkeriwge boladi.

Test «Semya kelbetin» eston psixologi T.Xomentausnas islep shiqqan. Bunda balalarg’a «o’z semyan’nin’ su’wretin salip ko’r» degen tapsirma beriledi Bala bul o’tinishti orinlag’an son’ oni taliqlap qarag’anda bala o’z semyasina o’zinin’ bergen bahasin, semya ag’zalari menen qanday qatnasta ekenligin, bala neni qabil etip alg’ani, nelerge berilgenligi, nelerdi ku’shli sezim keshirmeler menen sezilip su’wretlengeni ko’rinip turadi.

Bul su’wretler tek g’ana semya haqqindag’i emes, al balanin’ jeke basinin’ da su’wreti portreti menen biliwge boladi. Bunday testlerdi 3 jastan 12 jasqa shekemgi balalarg’a qollaniw ju’da’ qiziqli boladi. Balag’a aq qag’az, qa’lem, o’shirgish beriledi, tapsirmani orinlaw waqti sheklenbeydi. Baladan «O’z u’yin’di, ondag’i adamlar, qalay turatig’inin’di su’wrette ko’rsetip ber» dep o’tinish etiledi. «Semya-shan’araq» so’zlerin bala tu’sinbesligi mu’mkin, sonliqtan joqaridag’iday qolayli, tu’sinikli, o’tinish tu’rinde beriledi. Bala su’wretti salip atirg’anda izbe-izlikke, o’shirilip qayta saliniwina diqqat awdariladi. Son’inan baladan` «bul su’wrette kimlerdi su’wretledin’ – ko’rsettin’?» «olar ne islep atir», «olar kewllime yamasa bir na’rseden qapa-ashiwlima, ne ushin?», «olar ha’zir qay jerde» usag’an sorawlar beriledi, balanin’ semya ag’zalarinin’ sanin, o’zi ha’m basqalardin’ jasin biliw kerek. Balanin’ semyasi onin’ su’wreti menen salistiriladi, a’dette bala semyag’a o’z-ara qatnaslar ha’m ondag’i jag’day jaqsi bolsa, u’ydegi barliq adamlardin’ su’wretin saladi, ha’tte u’ydegi pishiq, ku’shiklerdi de sog’adi. eger semya ag’zalarinan birewin salmay qaldirg’an bolsa (misali, a’japasin) demek u’yde onshelli emesligin ko’rsetedi, sebebi a’japasin jek ko’rgenlikten qaldirip qoyadi, ha’tte onin’ ornina o’zi jaqtiratug’in basqa adamlardi (o’zinin’ semyasinda turmaytug’in) saliwi da mu’mkin.

Ko’pshilik jag’daylarda u’kesi, ag’asi, apasi umitilip qaladi. Olardan ata-anasinan qizg’anish ko’rinisleri de sezilip turadi. O’zinin’ su’wretin ata-anasinin’ ortasinda, og’an jaqin jerde ko’rsetedi. egerde bala su’wretinde o’zin qaldirip qoyg’an bolsa yamasa o’zin g’ana ko’rsetken bolsa, onda bala semyasinda

awizbirshiliktin’, tatiwliqtiq kemliginen derek beredi. Yag’niy semyasinin’ ornina haywan, quslardi t.b. na’rselerdi g’ana sizg’an bolsa, demek u’yde bolg’an g’amxorliq, itibar jetispeydi degen so’z. egerde su’wrette u’ydegi u’lken, kishi toliq ko’rsetilip bir-birine jaqin, ha’r kim o’z ireti menen ko’rsetilse, demek semyada psixologiyaliq jag’day jaqsi. Sonliqtan balalarg’a tek o’z semyasin emes, al basqa temalarda da su’wretler saldirip olardi toliqlap ko’riw, baladag’i ko’plegen psixologiyaliq ta’replerdi, tu’sinik sezimlerin, jetiskenlik, kemshiliklerin, ko’z-qaraslarin biliwge ja’rdem beredi.

Solay etip, jeke adamnin’ o’z-ara qarim-qatnasin aniqlaw ushin bul anketa, testlardin’ usilin u’yrenip, interpretatsiya a’melin aniqlap biliwimiz za’ru’r boladi.

# II.BAP. SHAXSTIN’ QA’LIPLESIWINDE QARIM-QATNAS PROTSESSININ’ PSIXOLOGIYALIQ O’ZGESHELIKLERIN EKSPERIMENTAL U`YRENIW

## 2.1. KETTEL TESTI (METODIKASI)

**1. Shaxs** – degende biz biologiyaliq ha’m sotsialliq jaqtan jetilisken, o’zinin’ aldina belgili bir maqset ha’m waziypalardi qoya alatug’in ha’m usi maqset ha’m waziypalardi atqariw ushin aktiv ha’reket etetug’in adamlardi aytamiz. Shaxsti u’yreniwde ha’r qiyli arnawli metodikalardan paydalaniw menen birge shaxstin’ qizig’iwshiliqlarina, mu’ta’jligine, onin’ do’geregindegi adamlar menen qatnas psixologiyasina qaray ha’m basqada tiyisli sorawnamalardi da ken’ qollaniladi.

Sorawnamalar ja’rdeminde izertlew o’tkeriwler eksperimental psixodiagnostikaliq tekseriw ornin baspaydi, olardi toliqtiradi ha’m teren’lestiriwi mu’mkin. Balalardi tekserinde sorawnamalardan paydalaniw o’z o’zgesheligine iye. Misali, «Bala g’a’rezsiz tu’rde sorawnamani toliqtiriwi mu’mkin emes, sebebi sorawdi naduris tu’sinip, naduris juwap beriwi mu’mkin». Izertlewshi balani soraw menen tanistiradi, onin’ mag’anasin tu’sindiredi, keyin juwabin arnawli qag’azg’a belgilep beredi.

2. Shaxs diagnostikasinda Kettell sorawnamasinin’ balalar variantin paydalaniw. Balanin’ shaxs bolip rawajlaniwin bahalawda shet el izertlewlerinde sorawnamalar (16PF, HSPQ, CPA ha’m t.b.) ken’ qollanadi. R.Kettell basshilig’inda amerikaliq psixologlar topari ta’repinen o’tkerilgen shaxsti programmali tekseriwdin’ basqishlarinin’ biri, shaxs sorawnamalarin jaratiw esaplang’an. Biraq, bizin’ jag’daylarimizda shet el metodikalarinan paydalaniw, olardi qatan’ iykemlestiriw ha’m jaqsilap puxtaliq penen tekseriwdi talap etedi. Bul talaplar P.Cattell (1963) jili – shaxs sorawnamasinin’ balalar varianti – CPQ di sho’lkemlestiriwde esapqa alinadi. P.Cattell balalar sorawnamasi – CPQ 8-12

jastag'i balalardi tekseriwge tiykarlang'an bolip, faktorli analitikaliq izertlew joli menen ajiratilg'an 14 shkaladan ibarat. Sorawnamanin' eki forma (A ha'm B) bolip, olardin' ha'r qaysisi – 140 sorawdi o'z ishine aladi. Olar o'z-ara tek esaplanip, o'z aldina ha'm birgelikte qollaniliwi mu'mkin. Test sorawlarina o'zgerisler kirgizilgennen son' 81-12 jasli 440 oqiwshida sinap ko'riledi.

Avtor 280 sorawdan 150 in tan'lap alg'an sorawnamanin' iykemlestirilgen 12 faktor boyinsha standartlastirilg'an tu'rde tuo oqiwshida 8-12 jasli oqiwshilarda o'tkeriledi. Misali: unamsiz ha'm unamli qatarlar belgileri boyinsha shaxs o'zgesheliginin' faktorlarin aniqlaymiz:

Faktor «-A+».

| **Unamsiz belgileri** | **Unamli belgileri** |
|---|---|
| Adamlarg'a aralaspaytug'in, jalg'iz, biypa'rwa | Ashiq kewilli, miyzamkesh, keshirimli, miyirman |
| «+V». Aqiliy funktsiyalardin' az da'rejede qa'lipleskenligi. Sananin' ko'rgizbeli formalari u'stemligi, bilimler ko'lemi. | Aqiliy funktsiyalardin' joqari da'rejede qa'lipleskenligi. Sananin' abstrakt formalari jeterli rawajlang'anlig'i, bilimler ko'lemi ko'p. |
| «-S+». O'zine isenbeytug'in, tez o'kpeleytug'in, turaqsiz. | O'zine isenetug'in, juwas, turaqli |
| «-D+». Asiqpaytug'in, ayirminez, biyparwa. | (Sabirsiz) shaqqan sirtqi ta'sirlerge tez juwap qaytariwshi, tez ta'sirletetug'in. |
| «-E+». Siyiniwshi, bag'iniwshi, ko'n'ilshen'. | Boysinbaytug'in, serli g'ayratli. |
| «-F+». Aqilli, so'z alg'ish, itibarli, qatan'. | Ta'wekelshi, biyparwa, batir, quwanishli. |
| «-G+». Hu'jdansiz, juwapkersizlik. | Hu'jdanli, miynetkesh, juwapkerli. |
| «-N+». Tartinshaq, uyalshaq, | Batir, erli, dana, qoriqpas |

| | |
|---|---|
| baqiristan qorqiw. | |
| «-T+». Haqiyqatshil, a’meliy, o’zine isenetug’in. | Sezgir, kishipeyil, basqalarg’a boysinbaytug’in. |
| «-Q+». Tinish, azarsiz ha’r na’rsege isenim menen qaraytug’in. | Uayimshil, ta’shiwishli, mehriban. |
| «-$Q_3$+». O’zin qadag’alay almaytug’in, sotsial belgilerinin’ normativlerin jaman tu’siniwi. | O’zin tuta aliwi, sotsial belgilengen normativlerdi jaqsi biliw, tu’siniw. |
| «-$Q_4$+». Na’ila’j, juwas, ayirminez. | Qatan’, ashiwi tez, maqsetke erise almag’anda tez keypi tu’sedi. |

Ha’r bir shaxs faktori belgili o’zgerislerinin’ toplami sipatinda qaraladi. Bul, sorawnama 140 sorawdi o’z ishine alatug’in bolsa, ol sorawnamada minimal belgi –1, maksimal belgi –10 ha’m ortasha belgi –5,5 ball menen o’lshenedi. Bul toplamnin’ belgileri boyinsha qarama-qarsiliq penen xarakterlenedi. Bul qarama-qarsi mazmung’a sa’ykes tu’rde faktordi bildiriwshi ha’riptin’ tuwrisina «-» yamasa «+» belgisi qoyiladi.

***Kettell testin’ sorawnamalari***

I-variant

| | | |
|---|---|---|
| 1. | Siz u’y waziypan’izdi | a) Tez orinlap qoyasiz.<br>b) Uzaq waqit orinlaysiz. |
| 2. | eger sizge ha’zil qilsa | a) Aziraq ashiwin’iz keledi.<br>b) Ku’lesizbe. |
| 3. | Siz derlik barliq na’rseni | a) qalay orinlaw kerek bolsa, sonday qila alaman dep oylaysiz.<br>b) Siz bazi bir tapsirma-lardi orinlay almawin’iz mu’mkin. |
| 4. | Siz ko’binese | a) Qa’te qilasiz.<br>b) Hesh waqit qa’te qilmaysiz. |

| | | |
|---|---|---|
| 5. | Sizin' dostlarin'iz | a) Ko'p,<br>b) Onshama ko'p emes. |
| 6. | Basqa balalar, qizlar sizge qarag'anda jumisti | a) Ko'birek orinlay aladi.<br>b) Siz de bul islerdi orinlay alasiz. |
| 7. | Siz ha'mme waqit adamlardin' atlarin | a) Jaqsi eslep qalasiz.<br>b) Bazida olardin' atlarin esten shig'arip qoyasiz. |
| 8. | Siz oqiysiz | a) Ko'p.<br>b) Ko'pshilik balalarg'a qarag'anda az oqiysiz. |
| 9. | Siz orinlamaqshi bolg'an jumisqa, oqitiwshi basqa balalardi tan'lasa | a) Siz qapa bolasiz.<br>b) Olardi este shig'arip jiberesiz. |
| 10. | Siz usinis etken ideyalar, oylap tapqan na'rselerin'iz | a) en' jaqsi ha'm duris dep esaplaysiz.<br>b) Siz og'an isenbeysiz. |
| 11. | (Jiynaw) so'zinin' mazmunina qarama-qarsi qaysi so'z boladi | a) Tarqatiw.<br>b) Toplaw.<br>s) Abaylaw. |
| 12. | Siz a'dette | a) Indemey turasiz,<br>b) Ko'p so'yleysiz |
| 13. | Eger anan'iz sizden qapa bolsa | a) Bul bazi bir onin' qa'tesi esaplanadi,<br>b) Siz bir na'rseden bolsa da, qa'te qildim dep oylaysiz. |
| 14. | Sizge kitapxanada kitaplar menen islew | a) Ko'birek jag'adi,<br>b) Uzaqqa ju'ziw, kapitan boliw jag'adi. |
| 15. | To'mendegi ha'riplerden qaysi birewi basqa ekewinen pariq qiladi | a) S.   b) T.   s) U. |

| | | |
|---|---|---|
| 16. | Siz keshte uzaq waqit | a) Tinish otira alasiz,<br>b) Tipirshilay baslaysiz. |
| 17. | Eger balalar, qizlar siz jaqsi biletug’in waqiya haqqinda so’ylesip baslasa | a) Siz de bir na’rseni aytip beresiz.<br>b) Olardin’ tamamlawin ku’tesiz |
| 18. | Siz kosmonavt boliwin’iz mu’mkin be? | a) Awa.<br>b) Yaq, bul og’ada qiyin is dep oylayman. |
| 19. | Sanlar qatari berilgen 2,4,8 ... . Bul qatarda keyingi san neshe? | a) 10.<br>b) 16.<br>s) 12. |
| 20. | Anan’izdin’ aytiwinsha | a) Siz ta’sirshen’ shaqqansiz.<br>b) Juwas, indemessiz. |
| 21. | Balalardin’ gu’rrin’lerin` | a) Berilip esitesiz.<br>b) O’zin’iz aytip beriwin’iz ko’birek jag’adi. |
| 22. | Bos waqtin’izda | a) Kitap oqig’anin’iz jaqsi.<br>b) Top oynag’anin’iz jaqsi. |
| 23. | So’zler topari berilgen` (suwiq), (issi), (ig’al), (jilli). Bir so’z mazmunina basqalarina sa’ykes tu’speydi. Bul qaysi so’z? | a) Ig’al.<br>b) Suwiq.<br>v) Jilli. |
| 24. | Siz barliq waqitta | a) Abayli bolip ha’reketler qilasiz.<br>b) Ju’girip atirg’anin’izda su’rnigip ketesiz. |
| 25. | Sizdi jazalawi mu’mkin dep | a) Qayg’irasiz.<br>b) Buni siz hesh waqit oylamag’ansiz. |
| 26. | U’lkeygenin’izde | a) U’y quriw ko’birek jag’adi. |

| | | |
|---|---|---|
| | | b) Ushiwshi boliw (ushiw styuardessa boliw). |
| 27. | Kolya ha’zir Natasha neshe jasta bolsa, sonsha jas bolg’aninda Anya odan u’lken edi. Kim ha’mmeden kishi | a) Kolya.<br>b) Natasha.<br>s) Anya. |
| 28. | Ko’binese oqitiwshi sabaqta sizge | a) eskertiw beredi.<br>b) Siz o’zin’izdi jaqsi tuta bilesiz dep esaplaydi. |
| 29. | Doslarin’iz ne tuwrisinda bolsa da tartisip atirg’an waqtinda siz olar` | a) Aralasasiz.<br>b) Indemey turasiz. |
| 30. | Basqalar klassta so’ylesip ku’lip otirsada | a) Siz sabaq tayarlay beriwin’iz mu’mkin.<br>b) Siz sabaq tayarlag’anin’izda tunishliq boliwi kerek. |
| 31. | Televizordan (Jan’aliqlardi) | a) Ko’resiz.<br>b) Jan’aliqlar baslang’anda oynawg’a ketesiz. |
| 32. | Sizdi u’lkenler | a) O’kpeletedi.<br>b) Olar sizdi jaqsi tu’sinedi. |
| 33. | Transport ko’p o’tip atirg’an ko’sheden | a) An’sat o’tip ketesiz.<br>b) Siz aziraq albiraysiz. |
| 34. | Sizde ko’binese | a) U’lken kewilsizlikler bolip turadi.<br>b) Kishi arzimas kewilsizlikler bolip turadi. |
| 35. | Eger siz sorawdi bilsen’iz | a) Qolin’izdi ko’teresiz.<br>b) Qolin’izdi ko’termey sizdi shaqiriwin ku’te turasiz. |

| | | |
|---|---|---|
| 36. | Eger klassqa jan'a oqiwshi kelse basqa balalar siyaqli siz de ol menen | a) Tez tanisip alasiz.<br>b) Sizge ko'birek waqit kerek. |
| 37. | Qanday boliwdi a'rman etesiz? | a) Transporttin' (avtobus, trol-leybus, taksi)din' aydawshisi boliwdi a'rman etemen.<br>b) Vrach boliwdi a'rman etemen. |
| 38. | Ne bolsa da a'melge aspasa siz | a) Qapa bolasiz.<br>b) Shende-shen qapa bolasiz. |
| 39. | Balalardan kim bolsa da qadag'alaw jumisinda ja'rdemlesiwin o'tinish etse | a) O'zin' shesh deysiz.<br>b) Oqitiwshi ko'rmese, sezbese ja'rdem beresiz. |
| 40. | U'lkenler sizin' aldin'izda | a) O'zlerinshe so'ylesedi.<br>b) Olar az bolsa da sizdi tin'laydi. |
| 41. | Qayg'ili na'rselerdi esitip atirg'anin'izda | a) Ko'zlerin'izden jas shig'ip ketedi.<br>b) Bunday bolmaydi. |
| 42. | Ko'binese menin' jobalastirilg'an na'rselerim orinlanbadi | a) Awa.<br>b) Ayirim waqitlari. |
| 43. | Anan'iz u'yge shaqirg'anda` | a) Aziraq oynaysiz.<br>b) Tezirek u'yge kiresiz. |
| 44. | Klassta erkin turip neni bolsa da | a) Aytip bere alasiz.<br>b) Tartinasiz, uyalasiz. |
| 45. | Kishi balalar menen qaliw sizge unaydima | a) Unaydi.<br>b) Unamaydi. |
| 46. | Siz arasinda o'zin'izdi jalg'iz sezip qapa bolasiz ba? | a) Awa.<br>b) Yaq. |
| 47. | U'y waziypalarin | a) Ha'r qiyli waqitta orinlaysiz.<br>b) Ha'r ku'ni bir waqitta orinlaysiz. |

| | | |
|---|---|---|
| 48. | Siz jasaysiz | a) Jaqsi.<br>b) Onshama jaqsi jasamaysiz. |
| 49. | Tamasha qiliwg'a barg'in'iz keledi | a) Qaladan sirtqa go'zzal ta'biyatti.<br>b) Zamanago'y mashinalar jan'a tovarlar ko'rgizbesine. |
| 50. | Eger sizge baqirsa, eskertiw berse | a) Tinish turip jaqsi kewlin'izdi buzbaysiz.<br>b) Qatti qapa bolasiz. |
| 51. | Ko'birek jag'adi | a) Konditer fabrikasinda islew.<br>b) Oqitiwshi boliw. |
| 52. | Klassta balalar shawqim qilsa siz | a) Indemey otirasiz.<br>b) Olar menen birge shawqimlasasiz. |
| 53. | eger sizdi avtobustan iyterip jiberse | a) Hesh na'rse bolmadi dep esaplaysiz.<br>b) Bug'an ashiwin'iz keledi. |
| 54. | Siz islemew kerek bolg'an na'rseni orinladin'iz | a) Awa.<br>b) Yaq. |
| 55. | Qanday doslardi unatasiz | a) Shox, erke, juwirip ju'riwshi.<br>b) Serezniy (doslardi). |
| 56. | Neni bolsa da baslag'ang'a shekem indemey otiriwdan | a) Ashiwin'iiz keledi.<br>b) Ko'p ku'tkenin'izde hesh qanday o'zgeris bolmaydi. |
| 57. | Barg'in'iz keledi | a) Mektepke.<br>b) Avtomobilde aylanip ju'riw (sayir etiw)di. |
| 58. | Arasinda siz ha'mmege qapa bolasiz | a) Awa. b) Yaq. |

| | | |
|---|---|---|
| 59. | Qanday oqitiwshi sizge ko'birek unaydi | a) Jumsaq kewilshen'.<br>b) Qatan' (strogiy). |
| 60. | U'yde sizge berilgen barliq awqatti jeysiz | a) Awa.<br>b) Yaq, sizge jaqpaytug'in awqatti bergenine naraziliq bildiresiz. |

II-variant

| | | |
|---|---|---|
| 1. | Mag'an jaqsi mu'na'sibette boladi | a) Ha'mme. b) Ayirim adamlar. |
| 2. | Men erte azanda turg'animda | a) Men basta uyqimdi ashalmay ha'lsiz bolip turaman.<br>b) Sol waqitta menin' oynag'im keledi. |
| 3. | O'z jumisin'izdi basqalarg'a qarag'anda | a) erte orinlaysiz.<br>b) Keshigip orinlaysiz. |
| 4. | Siz ayirim waqitlari o'zin'izge isenesizbe? | a) Awa.<br>b) Yaq. |
| 5. | Ayirim waqitlari mekteptegi doslarin'izdi ko'rgende | a) Quwanasiz.<br>b) Arasinda, hesh kimdi ko'rgin'iz kelmeydi. |
| 6. | Mamamnin' aytiwi boyinsha men` | a) A`sten ha'reket etemen.<br>b) Tez ha'reket etemen. |
| 7. | Siz usig'an na'rseler basqa balalarg'a | a) Unaydi.<br>b) Ayirim waqitlari unamaydi. |
| 8. | Mektepte men ha'mme na'rseni orinlayman | a) Qanday talap qilinsa sonday qilinsa sonday qilip orinlayman.<br>b) Klaslaslarima qarag'anda men aniq orinlay almayman. |
| 9. | Siz jasaysiz | a) Jaqsi. |

| | | |
|---|---|---|
| | | b) Onshama jaqsi jasamaysiz. |
| 10. | Siz ha’mme waqitta barliq na’rseni jaqsi orinlaysiz | a) Awa.<br>b) Yaq, ayirim waqitlari kewildegidey bolmaydi. |
| 11. | (Muz), (Puw), (Qar) so’zleri ko’birek qaysi so’zleri menen uliwmaliqqa iye. | a) (Suw).<br>b) (Boran).<br>v) (Qis). |
| 12. | Siz sabaq waqtinda | a) Tinish otirasiz.<br>b) Ko’birek qiymildag’andi jaqtirasiz. |
| 13. | Siz anan’izg’a naraziliq bildiresiz be? | a) Awa.<br>b) Yaq, qorqaman. |
| 14. | Mag’an ko’birek aylanip ju’riw unaydi. | a) Tog’ayda, parkte.<br>b) Biyik tawlarda. |
| 15. | (Ju’riw) so’zi (juwiriw) so’zine qanday qatnasta bolsa, a’ste so’zi to’mendegi so’zlerden beriwine sonday qatnasta boladi. | a) A`sten.<br>b) Tez. |
| 16. | O’zin’izdi ha’mme waqit | a) Kishi peyil dep esaplaysiz.<br>b) A`depsizlik etesiz. |
| 17. | Siz benen kelisimge keliw | a) Qiyin.<br>b) An’sat. |
| 18. | Balalardan qaysisi menen bolsa da na’rselerin’izdi | a) Qa’lem ruchkan’izdi almastirg’ansiz ba.<br>b) Hesh qashan onday qilmag’ansiz. |
| 19. | Sanlar qatari berilgen u,t,e bul qatardan keyingi san neshe? | a) 1.<br>b) 9. |
| 20. | Bazida | a) Siz tin’lamaytug’in bala bolg’in’iz keledi. |

| | | |
|---|---|---|
| | | b) Bunday qa’lewshilik sizde hesh waqit bolmag’an. |
| 21. | Anan’iz ha’mme na’rseni sizge qarag’anda | a) Jaqsi orinlaydi.<br>b) Ko’binese sizin’ usinisin’iz itibarg’a alinadi. |
| 22. | eger sizge haywan boliwg’a tuwri kelse | a) At bolar edin’iz.<br>b) Arislan bolar edin’iz. |
| 23. | So’zler topari berilgen` (Bazilari), (Ha’mmege), (Ko’pshilik), (Hesh kimdi) bir so’z basqalarina duris kelmeydi. Bul qaysi so’z? | a) Ko’binese.<br>b) Hesh kim.<br>v) Ha’mme. |
| 24. | Sizge jaqsi jan’aliq aytqanda` | a) Aziraq quwanasiz.<br>b) Qatti quwanasiz. |
| 25. | eger sizge kim jaqsi qatnasta bolmasa` | a) Siz oni keshiresiz.<br>b) Sizde tap sonday qatnasta bolasiz. |
| 26. | Basseyinde sizge ko’birek ne unaydi? | a) Ju’ziw.<br>b) Joqaridan sekiriw. |
| 27. | Gu’lnaza Diliazadan kishi Dilafruz Gu’lnazadan kishim. Kim en’ u’lken? | a) Gu’lnaza.<br>b) Diliaza.<br>s) Dilafruz. |
| 28. | Ayirim waqitlari mug’allim menin’ diqqatli emesligimdi da’pterimde qa’te jazilg’anlig’in aytadi | a) Awa.<br>b) Yaq. |
| 29. | Tartisiwlarda (spor)` | a) Ne bolg’anda da o’zin’iz qa’legen na’rseni da’lillewge ha’reket etesiz.<br>b) Tinishliq penen qoyiwin’iz mu’mkin. |

| | | |
|---|---|---|
| 30. | Siz ushin qiziqli esitiw | a) Uris haqqinda tariyxti.<br>b) Haywanlar o'miri haqqinda. |
| 31. | Siz ba'rqulla klasin'izg'a kelgen jan'a oqiwshig'a ja'rdem beresiz | a) Awa.<br>b) Yaq, a'dette buni basqalar qiladi. |
| 32. | Basin'izdan keshirgen jaman waqiyalar haqqinda | a) Uzaq waqit eslep ju'resiz.<br>b) Olardi tez umitasiz. |
| 33. | Oyinda u'lken ha'reket penen ko'rsetip berer edim | a) Letchik rolin.<br>b) Ataqli jaziwshi rolin. |
| 34. | Anan'iz sizge baqirg'anda | a) Qapa bolasiz.<br>b) Keypiyatin'iz buzilmaydi. |
| 35. | Siz ha'mme waqitta sumkan'izdi tayarlap qoyasiz | a) Keshte.<br>b) Azanda. |
| 36. | Oqitiwshi. | a) Meni ko'p maqtaydi.<br>b) Onsha ko'p maqtamaydi. |
| 37. | O'rmekshini qolin'iz benen uslay alasiz ba? | a) Awa.<br>b) Yaq. |
| 38. | Men qapa bolaman | a) Tez-tezden. b) Shende-shen. |
| 39. | Ata-anan'iz uyqilay waqti boldi degende | a) Tezirek uyqlawg'a ketemen.<br>b) Ja'ne aziraq o'z jumisimdi isleymen. |
| 40. | Biytanis adam menen so'ylesiwge tuwri kelgende | a) Uyalasiz.<br>b) Hesh tartinbaysiz. |
| 41. | Siz a'rman etesiz. | a) Xudojnik su'wretshi boliwdi.<br>b) An'shi (parixmaxershi) boliwdi. |
| 42. | Islegen jumislarin'izdin' barlig'i kewildegidey shig'adima. | a) Awa.<br>b) Yaq kewildegidey bolmaydi. |
| 43. | Eger ma'sele ta'rtibin tu'sinbesen'iz | a) Dostin'izdan soraysiz ba.<br>b) Mug'allimnen soraysiz ba. |
| 44. | Bolip o'tken ku'lkili waqiyalardi | a) Awa. |

| | | |
|---|---|---|
| | ha'mme ku'letug'in etip aytip bere alasiz ba | b) Yaq an'sat emes dep oylayman. |
| 45. | Sabaq tamam bolg'annan keyin. | a) Oqitiwshinin' aldinda qalg'im keledi.<br>b) Tezirek koridorg'a shig'ip oynag'im keledi. |
| 46. | Bazi da hesh na'rse qilmay otirg'anin'izda o'zin'izdi jaman sezesiz be | a) Awa.<br>b) Yaq. |
| 47. | Mektepten qayitqanimda` | a) Aziraq oynayman.<br>b) Tez u'yge qaytaman. |
| 48. | Ha'mme waqitta ata-anan'iz so'zlerin'izdi | a) Tin'laydi.<br>b) Qoli tiymeydi. |
| 49. | Men u'yden shig'a almag'animda | a) Qapa bolaman.<br>b) Ol mag'an ta'sir qilmaydi. |
| 50. | Siz qiynalasiz ba? | a) Kem qiynalaman.<br>b) Ko'p qiynalaman. |
| 51. | Bos waqitlarin'izda | a) Kinog'a barg'in'iz keledi.<br>b) U'ydin' aldina terek gu'ller ekkin'iz keledi. |
| 52. | Anama aytip beriwdi qa'leymen | a) Mektep waqiyalari haqqinda.<br>b) Eskursiya haqqinda. |
| 53. | Doslarin'iz na'rselerin'izdi sorawsiz alsa | a) Hesh na'rse bolmadi dep esaplaysizba.<br>b) Siz olardan qapa bolasiz. |
| 54. | Ku'tilmegen qatti dawistan | a) Qorqip ketesiz.<br>b) Siz a'tirapqa na'zer taslaysiz. |
| 55. | (Balalar qizlar menen) mag'an ko'birek unaydi | a) Balalar menen qizlar bir-birimizge bir na'rseni aytip beriw. |

| | | |
|---|---|---|
| | | b) Ko’birek olar menen oynaw. |
| 56. | Men qatti albirag’animda | a) Men dawisimdi ko’termelep so’yleymen.<br>b) A`sten so’yleymen. |
| 57. | Sizge jag’adi | a) Sabaqqa bariwin’iz.<br>b) Televizordan futbol boyinsha ushirasiwdi ko’riw. |
| 58. | Radio esitip atirg’animda ha’m televizor ko’rgenimde basqa so’zler | a) Diqqatimdi bo’ledi.<br>b) Men olardi sezbeymen. |
| 59. | Mektepte sizge | a) Qiyin boladi.<br>b) An’sat. |
| 60. | Eger u’yde neden bolsa da ashiwin’iz kelse | a) A`ste komnatadan shig’ip ketesiz.<br>b) Komnatadan shig’ip atirip esikti qatti jabasiz. |

## 2.2. SIZ O’ZIN’IZGE QANDAY QARIM – QATNASTA BOLASIZ (METODIKASI)

1. Sizdi, ne na’rse so’ylemew yamasa islemew kerekligi haqqinda pikir tinishsizlandiradi?

a) ju’da’ tez

b) arasinda

v) uliwma hesh qashan

2. Eger siz a’jayip ha’m tez juwap, bilimli adam menen qarim-qatnasta bolsan’iz, onda siz..

a) oni tez juwap beriwde, bilimlilikte jen’ip o’tiwge ha’reket etesiz.

b) jarisqa (bellesiwge) kirisip ketpesten, onin’ hu’rmetin jayina qoyip gu’rrin’lesip shig’asiz.

v) gu’rin’di dawam etesiz ha’m son’ tanislarin’izg’a so’ylep beriw ushin onin’ ha’zillerin eslep qaliwg’a ha’reket etesiz

3. To’mendegi pikirlerden, o’zin’izge en’ jaqin birewin tan’lap alin’`

a) ko’pshilik ushin a’wmettey tu’yilgen na’rseler, tiykarinda tinimsiz miynettin’ na’tiyjesidir.

b) jen’isler ko’binese waqitlar, sha’rayatlardin’ baxitli dus keliwine baylanisli.

v) qiyin waqitlarda tiykarg’isi-qatan’liq yamasa a’wmet emes, ba’lkim sizdi maqullaytug’in ha’m tinilashdira alatug’in adam.

4. Sizge qandayda bir qiziqli su’wretin’izdi yamasa sizge jazilg’an parodiyani ko’rsetti. Siz..

a) ku’lesiz ha’m sizde original bir na’rse barlig’inan kewilli bolasiz

b) sizde sol adamnan qandayda bir ku’lkili na’rseni tabiwg’a ha’m onnan ku’liwge ha’reket etesiz

v) qapa bolasiz, lekin buni sezdirmewge ha’reket etesiz

g) esikti jawip shig’ip ketesiz.

5. Siz ha’mme waqitta asig’asiz, sizge waqit jetispeydi yamasa islew kerek bolg’an waziypani orinlawg’a kirisesiz.

a) awa

b) yaq

v) bilmedim.

6. Siz doslarin'izg'a, tanisin'izg'a sawg'a etiw ushin duxi tan'lap atirsiz. Qanday tu'rin satip alasiz?

a) o'zin'izge unaytug'in duxidi

b) o'zin'izge jaqpasada, lekin sizin' oylawin'izsha dostin'izg'a unaytug'in duxidi

v) jaqinda televizorda reklama etilgen duxidi.

7. Siz o'zin'izdi, o'mirdegige qarag'anda uliwma basqasha sezetug'in waqitlarda ko'z aldina keltiriwdi unatasizba?

a) awa

b) yaq

v) bilmedim.

8. eger sizdi ka'sipleslerin'iz (ishinde jaslari) sizge qarag'anda ko'birek jen'islerge erisse bul sizin' ashiwin'izdi keltireme?

a) awa

b) yaq

v) arasinda.

9. Kimdidur qaytarip taslaw (unatpasliq) sizge qanig'iw waziypasin bereme?

a) awa

b) yaq

v) bilmedim.

10. Ko'zin'izdi jumin' ha'm o'zin'izdi u'sh tu'rdegi ren'di izbe-izlikte ko'z aldin'izg'a keltirip ko'rin'

a) aspan ko'k

b) sari

v) qizil.

**To'mendegi berilgen gilt ja'rdeminde ballarin'izdi esaplap shig'in'**

| Sorawlar juwaplar | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| a | 1 | 5 | 6 | 3 | 1 | 5 | 1 | 1 | 5 | 1 |
| b | 3 | 1 | 1 | 4 | 5 | 3 | 5 | 5 | 1 | 3 |
| v | 5 | 3 | 3 | 1 | 3 | 1 | 3 | 3 | 3 | 5 |

## Bahalar tu'sinigi:

***51-38 ballar***: Siz o'zin'izden razisiz. Sizin' basqalardan u'stinlik etiwin'iz u'lken, o'z (men) in'izdi aytiwdi, o'zin'izdi ayriqsha ajiratip ko'rsetiwdi unatasiz, biraq o'zin'iz basqalardi biykarlawg'a meyilsiz. Sizin' ballarin'iz qansha ko'p bolsa, Sizge` (O'zin'izdi unatasiz, lekin basqalardi unatpaysiz) – degen aniqlama ko'birek sa'ykes keledi. Biraq sizin' bir kemshiligin'iz bar` o'zin'izge ha'dden tisqari hesh qanday biykar mag'liwmatti qabil etpeysiz. Ha'tteki, eger test na'tiyjeleri sizge jaqpasida, siz olardan «ha'mmesi jalg'an, duris emes» – dep o'zin'izdi qorg'aysiz.

***37-24 ballar:*** Siz o'zin'iz benen kelisip jasaysiz, o'zin'izdi bilesiz ha'm o'zin'izge iseniwin'iz mu'mkin. Jeke xarakter sipatinda da, adamlar menen bolatug'in qarim-qatnaslarda da qiyin (waqitlardan) sha'rayatlardan shig'iw jollarin tabiwday qimbatli lawazimg'a iyesiz. Sizin' o'zin'iz ha'm a'tirapin'izdag'ilarg'a bolg'an qarim-qatnaslarin'iz formulasin` «o'zinen razi, basqalardan razi» ibarasi menen ko'rsetiw mu'mkin. Sizin' o'z-o'zin'izdi bahalawin'iz saw ha'm normal. Siz o'zin'iz ushin da'lde ha'm ku'sh-quwat bola alasiz, en' tiykarg'isi bularg'a basqalardin' esabinan erispeysiz.

***23-10 ballar:*** Itimal siz o'zin'izden narazi bolsan'iz kerek, sizdi` o'z intellektin'iz, qa'biletin'iz, sirtqi ko'rinisin'iz, jasin'iz, jinisin'iz ha'm basqalardan qaniqpasliq, gu'manlaniw qiynaydi. Toqtan'! Kim sizge o'zin jaqsi ko'rmeytug'inin aytti. Hesh kim o'zin jaman ko'rmeydi. Kim sizdi o'zin oylaytug'in adam ha'mme waqit o'zinen narazi boliwi kerekligine isendirdi.

A`lbette hesh kim sizden o’zin’izden razi boliwin’izdi, o’zin’izden qanig’iwin’izdi talap etpeydi, biraq o’zin’izdi o’zin’iz qabil etiwin’iz, o’zin’izdi o’zin’iz hu’rmet etiwin’iz kerek.

## 2.3. SHAXSTIN' JEKE O’ZGESHELIKLERIN U'YRENIW ANKETASI

### I. Arziw, tilek ha’m qa’lewleri

1. Eger sen siyqirshi bolip qalsan’, qanday 3-tilek oylag’an bolar edin’?
2. Eger sende og’ada ko’p pul bolsa, oni nege jumsag’an bolar edin’?
3. Eger sen jasin’ u’lken adam bolsan’, ne qilar edin’?

### II. Oqiwg’a qizig’iwlar

1. Mektepte, litseyde, kolledjlerde ha’mme na’rseden ko’birek sen neni unatasan’?
2. Qaysi sabaq sen ushin en’ qiziqli?
3. Sen ushin qaysi sabaq qiyin? Neushin?
4. Keleshektegi o’mirin’ ushin qaysi pa’ndi en’ paydali dep esaplaysan’?
5. Senin’she mektepte qaysi pa’n (sabaq) o’tilmewi kerek?
6. Senin’she mektepte qaysi pa’ndi jan’adan kiritiw kerek?

### III. Oqiwdan tisqari qizig’iwlari

1. Sen ha’mme na’rseden ko’birek ne menen shug’illaniwdi jaqsi ko’resen’?
2. Ne haqqinda biliwdi qa’leysen’?
3. Neni u’yreniwdi qa’leysen’?
4. Sen ushin, anan’ ha’m a’ken’ menen ne haqqinda sa’wbetlesiw qiziqli?
5. Jeke o’mirin’de qanday mashqalalar turipti?
6. Sen qanday do’gerekke qatnasasan’?
7. Sen televidenie arqali qanday ko’rsetiwlerdi ko’birek ko’resen’?
8. Keleshekte kim bolmaqshisan’?

### IV. So’yley, qarim-qatnasiq

1. Kim sag’an en’ jaqsi qatnasta boladi?
2. Sag’an kimnin’ so’ylewi unaydi? Ne ushin?

3. Sag’an kimnin’ so’ylewi unamaydi? Ne ushin?

4. Menin’ menen tanisiwg’a kesent beredi?

A) Awa

B) Yaq.

5. Men biytanis adamlar menen og’ada tez doslasip ketiwim mu’mkin.

6. Kewlime unaytug’in dos taba almay atirman?

A) Awa

B) Yaq.

7. O’zime dos tabiwg’a mende qa’lew joq?

A) Awa

B) Yaq.

8. Men ha’mme menen birdey qarim-qatnasta bolaman?

A) Awa

B) Yaq.

9. Men ha’mme menen birdey qarim-qatnasta bolamayman?

A) Awa

B) Yaq.

10. Senin’she haqiyqiy dos qanday boliwi kerek?

11. Ko’p dostim boliwin qa’leymen?

A) Awa

B) Yaq.

12. Senin’ haqiyqiy doslarin’ barma?

A) Awa

B) Yaq.

13. Haqiyqiy dostim klasslaslarim arasinda?

A) Awa

B) Yaq.

14. Dostin’ sag’an pa’nt berdima?

A) Awa

B) Yaq.

## V. Sezimleri

1. Senin’ o’mirin’de en’ quwanishli ku’n qaysi? Ne ushin?

2. Senin’ o’mirin’de en’ qayg’ili ku’n qaysi? Ne ushin?

3. Sen ha’mme na’rseden ko’birek neden qorqasan’?

4. Sen qanday tu’sler ko’resen’? Jaqsima yamasa jamanba?

5. Men ha’mme waqit o’z-o’zimnen qanaatlanaman?

A) Awa

B) Yaq.

6. Men ha’mme waqit o’z-o’zimnen qanaatlanbayman?

A) Awa

B) Yaq.

7. Men ba’rqulla o’zimde qa’weterleniwdi sezemen?

A) Awa

B) Yaq.

8. Men ha’mme waqit to’lewshisiz ju’remen?

A) Awa

B) Yaq.

9. Mag’an qatan’liq jetispeydi?

A) Awa

B) Yaq.

10. Men ha’mme waqit o’zimdegi kemshiliklerdi ko’re almayman?

A) Awa

B) Yaq.

11. Men o’zimdegi kemshiliklerdi jaqsi bilemen ha’m sezemen?

A) Awa

B) Yaq.

12. Menin’ sonday unamli ta’replerim bar ________

13. Menin’ sonday unamsiz ta’replerim bar ________

## VI. Mektep qatnasi

1. Sen ne ushin mektepke kelesen'?

2. Mektebin' sag'an unayma? Ne ushin?

3. Men sabaqlarg'a juwap beriwdi jaqsi ko'remen?

A) Awa

B) Yaq.

4. Men sabaqlarg'a juwap beriwden qorqaman?

A) Awa

B) Yaq.

5. Mekteptegi mug'allimlerim mag'an jaqsi qatnasta boladi?

A) Awa

B) Yaq.

6. Mug'allimlerdin' qaysi ta'repleri sag'an unaydi?

7. Mug'allimlerdin' qaysi ta'repleri sag'an unamaydi?

8. Senin' oylawin'sha mug'allim qanday boliw kerek?

## VII. Sotsiometriya

1. Ko'z aldin'izg'a keltirin', sen kosmosqa ushin baratirsan'? Klassin'nan kim menen uship keter edin'? (u'sh familiya jazin')

2. Ko'z aldin'izg'a keltirin', senin' klasstin' qaladan tis sayaxatqa ketip baratir, klassin'nan kimdi basshi etip saylar edin'? (1-2 familiya jazin').

3. Sen tuwilg'an ku'nin'e klassin'dag'i qaysi oqiwshilardi mira't etken bolar edin'? (1-3 familiya jazin').

## VIII. Referentometriya

1. Sen menen kewilsiz waqiya bolsa, bul haqqinda kimge aytqan bolar edin'? (ata-ana, dostlarim, ag'a-ini, qarindaslarim).

2. O'mirin'izde kim sizge u'lgi bola aladi? (ata-ana, dos, tanislar ha'm basqalar).

3. Kimge ha’mmeden ko’birek unawdi qa’leysiz? (ata-ana, doslarima, ag’a-inim, qarindaslarim ha’m basqalar).

4. Kimge en’ ko’p sirlarin’di aytasiz? (ata-ana, doslar, qarindaslar ha’m basqalar).

**IX. Ata-analar mu’na’sibetleri**

1. Sag’an ata-anan’nin’ mu’na’sibeti unayma?

A) Awa

B) Yaq.

2. Senin’ she ata-analar o’z balalarina qanday mu’na’sibette boliw kerek?

3. Ata-anan’nin’ qaysi ta’repleri sag’an unamaydi?

4. Ata-anan’nin’ qaysi ta’repleri sag’an unaydi?

5. Shan’arag’in’izdag’i keypiyat qaysi birine ko’birek`

a) ko’birek anama baylanisli

b) ko’birek atama baylanisli

v) ekewinede baylanisli.

6. Ata-anan’izdin’ qaysi biri siz ushin ko’birek jan (qayg’iradi) ku’ydiredi?

7. Men ata-anamdi jaqsi ko’remen?

A) Awa

B) Yaq.

8. Menin’ ata-anam ha’mme waqit mag’an erkinlik bermeydi?

A) Awa

B) Yaq.

# J U W M A Q L A W

— Shaxstin’ qa’liplesiwinde qarim-qatnas protsessi en’ tiykarg’i orindi iyeleydi. Qarim-qatnas adamshiliq ja’miyeti payda bolg’an da’wirden baslap-aq, adamlardin’ bir-birin tu’siniwi, bilisiwi, o’z-ara baylanisli bir-birine ta’sir etiwi, birlesip ja’ma’a’t tu’rinde jasaw mu’mkinshiligin beretug’in en’ ku’shli, qolayli qural esaplanip kelgen. (Qarim-qatnas) atamasi adamlardin’ bir-biri menen tikkeley baylanis qatnasin ornatiwi, bir-birine qarata til arqali, ko’z-qaras ha’tte bet a’lpetindegi, o’zin tutiwindag’i ko’rinisleri arqali ta’sir etiwi boladi.

— Shaxstin’ o’z qa’liplesiwinde o’z-ara qarim-qatnastin’ a’hmiyeti bul (oqiwshi-oqiwshi) oqiwshi menen oqitiwshi arasindag’i qatnas, shaxsqa bilimlerdi u’yretiw, oqitiw, olardi ta’rbiyalaw qatnasi boliwi menen ol oqitiwshi ha’m ata-analar, shan’araq ag’zalari menen qatnas, balalar jasaytug’in orindag’i adamlar, ja’ma’a’tshilik, o’ndiris orinlari, ma’deniy ag’artiw orinlari, mektep, litsey, kolledjlerden tis ta’rbiya mekemeleri menen qala berse oqitiwshi ka’siplesleri, uliwma pedagogikaliq ja’ma’a’t penen qatnasti o’z ishine aladi.

— erte jasliq da’wiri shaxsinin’ qa’liplesiwindegi ta’lim-ta’rbiya protsessi, jeke individual-psixologiyaliq o’zgeshelikleri, psixikaliq protsesslerinin’ rawajlaniwi tikkeley qarim-qatnas protsessine baylanisli, sebebi qarim-qatnas, bul shaxstin’ qa’liplesiwinin’ en’ quramali tiykarg’i qurali bolip esaplanadi.

— Joqaridag’i aytip otirg’animizdin’ o’zinen-aq onin’ qanshelli qiyin, quramali biraq adam ushin en’ a’hmiyetli ardaqli qarim-qatnas ekenligi bilinip turipti. Sebebi ja’miyetimizdin’ keleshegi, sonday-aq ha’r bir insannin’ a’diwli a’rmani, o’mirinin’ jalg’asi esaplang’an, jas a’wladti o’siriw, oni tuwri o’mir soqpaqlarina baslaw, o’mirde o’z joli, o’z ornin tabiwin, ata-anasi, ja’miyetimizge kerekli, paydali, adamlardi jetilistiriw waziypasin atqaradi.

— Biz bul diplom jumisimizdin’ a’meliy-metodikaliq bo’liminde ha’zirgi waqitta ta’lim-ta’rbiya protsessinde shaxstin’ psixologiyaliq rawajlaniwinin’ ha’m qa’liplesiwinin’ dinmikasin aniqlawshi, o’z-ara qarim-qatnas protsesslerin

izertlewshi metodikalardi analiz etip u’yrendik xa’m olardi pedagog, psixologlarg’a a’meliyatta paydalaniwi ushin usinip atirmiz. Sebebi ha’r bir ko’rsetilgen metodikalar shaxstin’ ishki du’nyasin, du’nya taniw o’zgesheliklerin, sezimlerin, o’zine, basqalarg’a bolg’an ko’z-qaras, qatnaslarin quwanishin, qapalig’i menen unamsiz keshirmelerinde aqlawg’a, shaxstin’ jeke individual psixologiyaliq o’zgesheliklerin, qarim-qatnasti u’yreniwge qaratilg’an metodikalar boladi.

# PAYDALANILG'AN A'DEBIYATLAR:


1. Karimov I.A. O'zbekiston iqtisodiy islohotlarni chuqurlashtirish yo`lida. –Toshkent: O'zbekiston, 1995.
2. Karimov I.A. O'zbekiston XXI asr bo'sag'osida: xavfsizlikka tag'did, barqarorlik shartlari va taraqqiyot kafolatlari. –Toshkent: O'zbekiston, 1997.
3. Davletshin M.G., Dustmuxamedova Sh., Mavlonov M., To'ychieva S. «Yosh davrlari va pedagogik psixologiya», o`quv metodik qo`llanma. –Toshkent, 2004, 8,2 b/t, 127 b.
4. Davletshin M.G., To`ychieva S.M. Umumiy psixologiya. –Toshkent, 2002, 9,3 b/t, 149 b.
5. Davletshin M.G. Zamonaviy maktab o`qituvchisi psixologiyasi. –Toshkent, 1998.
6. G'oziev E.G. Psixologiya. –Toshkent, 1994, 12 b/t, 219 b.
7. G'oziev E.G. Umumiy psixologiya I-kitob. –Toshkent, 2002, 15 b/t, 235 b.
8. G'oziev E.G. Umumiy psixologiya II-kitob. –Toshkent, 2002, 15 b/t, 187 b.
9. Sherbakov A.I. Yosh psixologiyasi va pedagogik psixologiyadan praktikum. –Toshkent, 1991.
10. Vozrastnaya i pedagogikheskaya psixologiya. TDPU. Tekst lektsiy (rus). –Toshkent, 2001.
11. Yosh psixologiyasi va pedagogik psixologiya. TDPU. Tekst lektsiy (uzb). -Toshkent, 2001.
12. I.V.Dubrovina, E.E.Danilova, A.M. Prixojan. Psixologiya. -Moskva, 1999, p/l 24,36, 453-bet.
13. R.S.Nemov. Psixologiya. Kniga 1, Gumanitarniy izdatelskiy tsentr VLADOS. -Moskva, 2000, 43 p/l, 651-bet.
14. R.S.Nemov. Psixologiya. Kniga 2. -Moskva: VLADOS, 2000, 38 p/l, 586-bet.
15. R.S.Nemov. Psixologiya. Kniga 3, -Moskva: VLADOS, 1999, 40 p/l, 613-bet.
16. M.I.Lisina. Obshenie, lichnost` i psixika rebenka. -Moskva: Voronej, 1997, 20,8 p/l, 375-bet.
17. L.I.Bojovich. Problemi formirovaniya lichnosti. -Moskva: Voronej, 1997, 19,8 p/l, 342 bet.
18. E.I.Rogov. Nastolnaya kniga prakticheskogo psixologa. -Moskva, 1999, 24,00 p/l, 380 bet.

19. Psixologiya. Slovar`. Pod obshey redaktsiey A.V.Petrovskogo i M.G.Yaroshevskogo. -Moskva, 1990, 26,04 p/l, 476 bet.
20. T.M.Adizova, E.Z.Usmanova. Psixologicheskie trudnosti v obuchenii mladshix shkol`nikov. Metodicheskoe posobie. -Tashkent: O'qituvchi, 1995, 1,86 p/l, 28 bet.
21. T.M.Adizova. Psixologicheskie metod izucheniya lichnosti uchashixsya v protsesse obsheniya. Metodicheskaya posobiya. -Tashkent, 2000, b/t 4,4, 69 bet.
22. V.M.Karimova, F.A.Akramova. Psixologiya ma`ruzalar matni. -Tashkent, 2000, b/t 10,7, 168 bet.
23. N.G'.Kamilova. Muammoli o`smir Muammoli o`smir: tashhis, tadqiqot metodlari. -Tashkent, 2004, b/t 4,3, 62 bet.
24. G.G'.Gulamova. Tarbiyasi qiyin o`smirlar. - Toshkent: O'qituvchi, 2005, 7,8 b/t, 122 bet.
25. Z.T.Nishonova. psixik taraqqiyot diagnostikasi. -Tashkent, 2004, b/t 9,5, 134 bet.
26. M.A.Abdullajanova. Psixologiyadan metodik to`plam. –Farg'ona, 2005, 4,5 b/t, 60 bet.
27. Z.P.Klicheva, A.X.Xamidova. Jas ayirmashiliq ha`m pedagogikaliq psixologiya kursi boyinsha oqiw qollanba (II bo`lim pedagogikaliq psixologiya). No`kis, 2003, 42 bet.
28. A.X.Xamidova, Z.P.Klicheva. Psixologiya ha`m pedagogika sxemalarda. No`kis, 2004, 96 bet.
29. Saparov Sh.B., Klicheva Z.P. «Psixodiagnostika» kursi boyinsha metodikaliq qollanba. –No`kis, 2001, 2 b/t, 30 bet.
30. Najimov G.N., Klicheva Z.P. «Psixokonsultatsiya» kursi boyinsha metodikaliq qollanba. No`kis, 1999, 3,75 b/t, 53 bet.
31. Klicheva Z.P., Sherimbetova Z.Sh., Saparov Sh.B. «Eksperimental psixologiya» kursi boyinsha metodikaliq qollanba. No`kis, 2005, 31 bet.
32. www. flogiston.ru
33. www. psixolog.ru
34. www.ziyonet.uz